

KEREKE YEMUBHAIBHERI

Nava J. C. Choate

2nd edited edition

1st printing - 5000 - **2022**; 2nd printing - 10,000 - **2022 - Shona**

InDesign Layout: Shane Fisher

Rakazonyorwa mururimi rwechishona na Tomson Mlawuzi

Email: tomsonmlawuzi@gmail.com

(+263) 772941890

Hatcliffe church of Christ Harare

Rakatsikiswa na:

Tawanda Godwin Marandure:

(+263) 772625642

Manyame park church of Christ

Box ZG 4

Zengeza

Chitungwiza

manyamepchurchofchrist@gmail.com

godwinkuda@gmail.com

Bvumo kubva kuna

World Evangelism Publications

Winona, Mississippi

Rakadindiswa newe

World Literature Publications

Winona, Mississippi

NHANGANYAYA

Ndanyoro zvinhu izvi, kuti zvive zvidzidzo zvebaibheri , uye zvichange zvichavanikwa kwemasvondo guminematatu (13), chidzidzo chimwechete panguva, mupepa nhau remuColombia neSri Lanka. Sezvo pfungwa yebhuku iri yakanangana nevanhu vasinganzwisise nezvekereke yaJesu Kristu, ndichazama kurerutsa mazwi. Chidzidzo chimwe nechimwe chinenge chisadzisa chimwe, mibvunzo ichizovanikwa muchidzidzo choga choga, yakanangana nezvese zvadzidziswa muchidzidzo ichi.

Pandakabva kuNew Delhi, kuIndia taiva nezvidzidzo zvakanyorwa mubhuku. Zvakazotsikiswa zvakare ikoko nendimi dzakasiyana siyana, zvika-tanga kushandisvako kunyangwe nazvino. Mukufamba kwenguva zvaka-zotsikisvavo munyika dzinoti, Sri Lanka, Singapore, Guatemala, muno mu U.S.A nekune dzimwe nyika dzakati vande. Chidzidzo ichi chakashandiswa zvakanyanya kwete munyika dzandanyora bedzi asi nedzimwe dzisina kunyorwa dziri pasi rose pachishandiswa nhare nehindaneti kutumira makritsu.

Chinangwa chebhuku iri kuzivisa muverengi pamusoro peKereke yemubhaibheri. Ini hangu pachezvangu ndinotenda kuti ukaverenga chidzidzo ichi pamwe chete nebhaibheri rako unozvionera pachena kuti Mwari ane Kereke yake imwe chete, inodanwa nezita rake, uye kuti unofanirwa kuva nhengo yesangano raKristu. Asi usatore mashoko angu aya vomaita mashoko aMwari. Zviverengere ugonzwisisa pachako. Kana chiri chokwadi, tenda mwari. Asi kana dzirinhema, usatenda. Ndiyo yega nzira inokururamisa. Iyi ikurudziro yangu kumaKristu kuti mushandise bhuku iri, kuzivisa vanhu nezveKereke yaMwari kuhama neshamwari. Shandisa bhuku iri pese pakafanira kuti rishande, ndinotenda kuti rinobatsira vazhinji. Ndinotarisi-ra zvikuru kutsikiswa kwebhuku iri, uye munyengetero vangu mukuru kuti bhuku iri rishandiswe kuponesa Mweya mizhinji yakarasika kuziva Kristu.

J.C.Choate

Winona, Mississippi, Ndira, 2000

ZVIRIMUKATI

Chidzidzo 1: Zvinoreva Kereke.....	4
Chidzidzo 2: Kuuya KweKereke.....	7
Chidzidzo 3: Kuvakwa KweKereke.....	10
Chidzidzo 4: Zvinoratidza Kereke.....	13
Chidzidzo 5: Zita reKereke.....	17
Chidzidzo 6: Hurongwa hweKereke.....	20
Chidzidzo 7: Kupinda muKereke.....	23
Chidzidzo 8: Kanamata kweKereke.....	26
Chidzidzo 9: Basa reKereke.....	29
Chidzidzo 10: Kubatana kweKereke.....	33
Chidzidzo 11: Dzidziso yeKereke.....	36
Chidzidzo 12: Nhorondo yeKereke.....	39
Chidzidzo 13: Kereke Nhasi	43

Chiziviso: Chinyorwa ichi chinobuda chiri chidzidzo chekudza nacho bhaibheri, chaibudiswa vhiki roga roga mupepanhau reku Colombone Sri Lanka.

Chidzidzo 1

Zvinoreva Kereke

Hapana anoramba kuti bhaibheri rinotaura pamusoro peKereke. Asi iKereke yani? Ndeipi Kereke yacho? Inoita nezvei? Mibvunzo iyi neimwe, ichapindurwamukufamba kwatikuita nechidzidzo chedu. Parizvino tikuda kutsvaga kuti chii chinombonzi Kereke chacho.

Rega titange nekutarisa kuti chii chisiri Kereke. Kereke sekutaurwa kwainoitwa mubhaibheri haisi Catholic, Protestant, kana chiJudha, (jewish). Haisi masekete, mubatanidzwa vemasekete, kana masangano. Haisi musangano venyika. Chero masangano atinofunga kana imba dzakavakwa namaoko avanhu. Kana isiri pakati pezvinhu zvandataura izvi, saka Kereke chii?

Vanhu vazhinji havanzwisisi Kereke nokuda kwekuti havazive kuti Kereke chii? Vazhinji havatozivi chinangwa cheKereke, nezvayakakoshera. Asi bhaibheri rinotibudisira pachena. Izvi rekuti Kereke rakatorwa panzwi rerudzi rwechiGiriki (Greek) “eklesia” zvichingoreva kuti “kudanwa”. Saka Kereke vanhu vakadanwa, avo vakadamwa kubva munyika kupinda muUshere hwaMwari (1 Vakorose 1:13). Muviri vaKritsu (1 Vakorinte 12:27). Inogadzirwa nevanhu vakatenda nevanotenda muna Kritsu (VaHeberu 5:8,9), vakaponeswa naMwari vovedzerwa muKereke, (Mako 16:16, Mabasa Avaapotsori 2:47). Nekumwe kutaura Kereke inovanikwa vatevedzeri vaKritsu. Nekumwe kutaura Kereke inoumba nevatevedzeri vaKritsu.

Inzwi rekuti Kereke rinobuda mubhaibheri richiedza kubudisa pfungwa mbiri. Pekutanga rakataurwa richireva ungangano. Zvinova izvo zvaiva na Kritsu Jesu mupfungwa paaitaura “ndinoti kwauri, ndiwe Petro, pamusoro poruware urwu ndichavaka Kereke yangu, masuvo eHadesi haangaikundi” (Mateo 16:18). Mune ndima zhinji dzatinooona izwi Kereke richishandiswa zvakafanana, richitaura Kereke seungano. Ndozvazviri, pese panoonekwa Kereke munyika. Kana iri Kereke yemubhaibheri, inofanira kuva Kereke iyo Jesu akati achavaka. Kechipiri yakataurwa kuti ichava ungangano yake. Pauro anonyorera Kereke yepaRoma, uye kutaura mamwe masangano achiti “sangano raKritsu rinokukwazisai” (vaRoma 16:16) aisataura maKereke mazhinji, asi Kereke yaKritsu. Apa paisataurwa huvandu hwemazita emaKereke, asi kuti huvandu hwemasangano aKristu munharaunda dzakatsaukana.

Nekudonongoza magwaro, unooona kuti zvinyorwa zvaitaura maKereke aiva paKorinte, Kereke yaiva paEfeso, Sangano raiva paFiripo, nemanwe aive akapoteredza. (1 VaKorinte 1:2; vaEfeso 1:1; vaFiripo 1:1). Zvose izvi zvinogona kukanganisa vanhu vanofunga kuti Kereke kungoungana mumasekete (Denomination). Asi hapana paunombonzwa pakanyorwa kuti sekete rekutanga mushoko raMwari. Bhaibhere

rinotaura maKereke mazhinji, asi Kereke imwe neimwe ichidanwa zvichienderana nenharaunda yainoitirwa asi iri Kereke yaKritsu imweyo. Zvinokachamadza kuona vanhu vachishaya hanya, munhu anoverenga bhaibheri, Kereke yonzi ndeyaKritsu asi unoitumidza rimwe zita raanoda iye!

Mukuzama kudonongondza nekunzwisisa zvinoreva Kereke, ngatisakanganei kubhaibher tinzwe kuti rinoti Kereke chii?

1. **Muviri vaKritsu. Muviri vaKritsu VoMweya.** Kritsu ari Musoro (vaEfeso 5:23). Pane muviri umwe chete (VaEfeso 4:4). Uye muviri mumwe chete, ndivo Kereke imwe chete. (VaKorose 1:18)

2. **Imba yaMwari. Inzwi iri musoko rinoreva mhuri.** Zvinova zvinotibatsira kunzwisisa kuti Kereke imhuri yaMwari. Muna 1 Timotio 3:15, Pauro anobva ati imba yaMwari iKereke yaMwari mupenyu. Mwari ndiBaba isu tiri vana (vaGaratia 3:26,27; vaEfeso 1:3).

3. **Hushe hwaMwari. Zvichireva, saka Jesu ndiye Ishe** (Zvakazarurwa 17:14). Asi kuti panzi pana Ishe panofanirwa, paine nyika Paanotonga, uye ushe uchionekwa (Mabasa 8:12). Tiri vanhu vake, nyika ndeyake, mitemo yake inovanikwa muTestamente Itsva. Ndiyo Kereke yaMwari (Mateo 16:18,19).

4. **Munda vemudzambiringwa vaIshe.** Kritsu ndiye musambiringa, isu maKritsu mumwe neumwe riri davi. (Johane 15:1-8). Pfungwa iripano ndeyekushanda mumunda nekuunza zvibereko kunaIshe.

Kereke yatsanangura. Chikumbiro changu kuti uverenge pamwe nekunzwisisa zvinoreva shoko. Ukazarurirwa unoona Kereke maonero anoda Mwari kuti uite, ukadaro hupenyu nemaitiro ako anoshanduka.

Mibvunzo

Maka minduro yakafanira uchishandisa.

(HONGU kana KWETE)

1. Bhaibhari rinotaura nezveKereke.
2. Kereke Katoriki kana Roma here?
3. Vanhu vazhinji vanonzwisisa Kereke here?
4. Izwi rekuti Kereke rakashandiswa mubhaibheri richidudzira pfungwa imwechete.
5. Kritsu akataura kuti achavaka Kereke dzake.

6. Kereke nomwe dzaiva paAsia dzaitaurwa, dzaiva chechi dzakasiyana.
7. Kereke muviri vaKritsu.
8. Kune muviri mumwe.
9. Kritsu ndiye musoro veKereke.
10. Hushe hwekudenga hausati vauya.

Pindura Mibvunzo Iyi.

1. Nyora zvinhu zvatingati hazvisi mucherechedzoi veKereke.....
2. Nderipi inzwi rechigiriki rakatorwa inzwi rekuti Kereke.....
3. Ndezvipi zvinotaritsa Kereke yaKritsu.....
4. Ndedzipi pfungwa mbiri dzinoshandiswa inzwi rekuti Kereke.....
5. Ndiani akati achavaka Kereke yake?
6. Ingani dzaakavaka?
7. Ndeapi maKereke manomwe ekuAsia?
8. Muviri mingani irimo?
9. Ndiani Mambo veMadzimambo?
10. Tikufanira kuitei mumunda vaKritsu?

Dudzira Manzwi Aya.

1. Kereke (Ekklessia).....
2. Muviri vaKritsu.....
3. Imba yaMwari.....
4. MuUshe hwaMwari.....
5. Munda vaKritsu.....

Chidzidzo 2

Kuuya Kwekereke

Chechi haina kungoyerekana yavapo. Yakagadzirwarwa huvepo hwayotorerwa nekuuya kwayo. Ikaporofitwa nevaporofita, ikataurwa kuuya kwayo, ikazovapo. Bhairi rinodudzira zvose pachena.

Chekutanga kereke iri mupfungwa dzamwari. Pauro anotaure izwi kuvatendi vaiva paEfeso. Anoti “Ngaavonge Mwari nababa vaShe wedu Jesu Kritsu, vakatiropafadza nekuropafadza kwose kwomweya, kudenga muna Kritsu, sezvaakatitsanangura maari nyika isati yavambwa kuti tive vatsvene vasine mhoswa pamberi pake murodo, akatitemera kare, kuti naJesu Kritsu tiitwe vanakomana vake, sezvaakafadzwa pakuda kwake, kuti kunaka kukuru kwenyasha dzake dzaakangoita hake muMudikanwa vake, kurumbidzwe” (VaEfeso 1:3-6). Ngatinzwisisei apa kuti aitaure nechechi yaiva paEfeso, achiizivisa kuti Mwari akavasarudza kare asati akadzira neyo dzenyika. Zvichireva kuti Mwari aifunga nezve chechi nyika isati yavapo. Zvichireva kuti aiva nehurongwa hwayo panguva iyoyo zvichireva kuti nyika isati yasikwa chechi yaivapo mupfungwa yaMwari, uye chechi yakavambwa mupfungwa dzaMwari. Saka munhu angava aniko angazvidza icho chakarongwa naMwari pakutanga.

Chechipiri, chechi yakataurwa nezvayo nevaporofita munzwimbo dzakasiyana. Isiah unoti, “Pamazuva ekupedzisira zvichaitika kuti gomo reimba yaJehovha richasimbiswa pamusoro pamakomo, richakwidzwa kupfuura zvikomo, marudzi ose achamhanyira kwariri. Vanhu vazhinji vachaendako vachiti: vuyai, ngatikwire ngatikwire kugomo raJehovha kuimba yaMwari vaJakobo; iye uchatidzidzisa nzira dzake, tichafamba mumakwara ake; nokuti murairo uchabva paZioni, shoko raJehovha richabva paJerusarema” (Isaya 2:2-3). Joeri anotaure “Zvino shure kwaizvozvo ndichadurura mweya vangu pamusoro penyama yose; vanakomana venyu nevana sikana venyu vachaporofita, vatana venyu vachanyota hope, namajaya enyu achaona zviratidzo; ndichadururawo mweya vangu pamusoro pavaranda napamusoro pavashandiri namazuva iwayo” (Joeri 2:28,29).

Uye Daneri anotaridza “Zvino namazuva amadzimambo iwayo Mwari wokudenga uchamutsa vushe, usingatozomboparadzi, uye simbaravo haringapfuuri kune rumwe rudzi rwavanhu, asi ihwo uchaputsanya nekuparadza ushe uhwo hwose, ihwo huchamira nekusingaperi” (Daneri 2:44). Zvino ngatichipedzesa nokuti:

1. Vushe uchavakwa namazuva okupedzisira
2. Uchatangira kumakomo
3. Marudzi ose achamhanyira kwahwuri

4. Mwari achadurura mweya vake pavanhu vose
5. Hwuchavepo pamazuva ehutongi hechina hwenyika ino.
6. Uchaputsanya umwe hushe hwose, ihwo uchagara nekusingaperi.

Zvino, ndekupi kuchazasikiswa izvi zvose? Mabasa avapotsori 2.

Chechitatu chechi yakavimbiswa. Johani anobva ati hwaswederwa pedyo (Mateo 3:2). Zvichireva kuti huri pedyo, kana kuti huchavapo pachinguva chiduku chaitevera. Jesu mbune anovimbisa “Neni ndinoti kwauri ndiwe Petro, pamusoro peruware urwu ndichavaka kereke yangu, masuvo ehadisi haangaikundi” (Mateo 16:18). “Zvino wakati kwavari: zvirokwazvo ndinoti kwamuri: vamwe varipo kune vamire pano, vasingazoone rufu, vasati vaona vushe hwaMwari huchiuya nesimba” (Marko 9:1). “Akati kwaari: Ndizvo zvakanyorwa, kuti Kritisu uchatambudzika, agomuka kuvakafa nezuya retatu; kuti marudzi ose aparidzirwe zita rake kutendeuka nokukanganirwa zvivi, vachitanga paJerusarema. Imi muri zvapupu zvezvinhu izvi. Tarirai ndinotuma pamusoropenyu chipikirwa chababa vangu; asi imi garai muguta kusvikira mafukidzwa nesimba rinobva kumusoro” (Ruka 24:46-49). Zvino cherechedza zvinhu izvi:

1. VuShe vapedyo
2. Kritisu akavimbisa kuvaka hushe uyu nerufu.
3. Vamwe vevanhu vaiva naKritisu, vaizorarama kusvikira hushe huchisvika.
4. Hunouya nesimba
5. Kutendeuka nekukanganirwa kwezvivi zvichaparidzwa kunyika dzose pasirose.
6. Asi zvichatangira Jerusarema
7. MaApostora achazadzwa nesimba rinobva kudenga vari muguta reJerusarema.

Ngatiise pfungwa idzi mumusoro, tichidai kuedza kuonesana kuvakwa kwechechi/ kereke.

Ngatitarisei Mabasa Avapotsori 2. Mukutarisa, ngatirave kakati vande. Sevadzidzi veshoko raMwari chinanga chiri chekuda kuona kuti chechi yakatangira rini? Zvakare zvimbo yacho yayatangira ndeipi, kuJerusarema here? Pamazuva api? Ekupedesera here? Ko panguva iyi hutongi hwaitonga ndehwechi Roma here? Ko simba rakavepo here, uye rakabvepi? kutendeuka kwakavepo uye kukanganirwa kwezvivi kukaparidzwa Kumarudzi ose here? pakarepo kereke ikatanga nesimba here? Zvino chechi iya yaiva naMwari mupfungwa yakazadziswa pandima iyi yakatangira pakarepo here? Chiporofita pamusoro payo chikaziswa, nechivimbo pamusoro payo chikachengetedzwa here?

Mibvunzo

Pindura Mibvunzo Iyi.

1. Chechi yakatangira kupi?.....
2. Mwari akada chechi rinhi?.....
3. Ndevapi vaporofita vatatu vakataura kuuya kweUshe?.....
4. Ushe uhu nonogara kusvika rini?.....
5. Ndiani akavimbisa kuvaka kereke?.....
6. Ichechi yani yaakavimbisa kuvaka?.....
7. Ingani chechi dzaakataura kuti achavaka?.....
8. Ushe hwaMwari vauya sei?.....
9. Chii chakaparidzwa muJerusarema?.....
10. Ndepapi patinoverenga nezvekuvakwa kwe kereke ?.....

Sarudza yako:

HONGU/ KWETE

1. Chechi yakava muhurongwa, yakaporofitwa, yakavimbiswa, ikazovapo.
2. Chechi hurongwa hwaMwari.
3. Johani anoti Ushe hwaive vave pedyo
4. Ushe huchauya nesimba
5. Kutendeuka rekuregererwa kwezvivi kwaizoparidzwa muzita rake munyika dzose.
6. Cheche yaifanira kutangira muJerusarema
7. Mabasa avapotsori vechipiri inotaura kuvambwa kwechechi
8. Izvi zvaizoitika muhumambo hwechiroma.
9. Mazuva ekupedzesera akatotanga
10. Zviporofitwa nezvivimbiso zvakazaziswa, zvikachengetedzwa.

Zadzisa zvinotevera.

1. “Sezvaakatarudza kwaari pasati
2. “Pamazuva ekupedzisira zvichaitika kuti
3. “Ndichavaka
4. “Kuti marudzi ose aparidzirwe nezita rake kutendeuka nekukanganirwa zvivi, vachitanga pa.....

Chidzidzo 3

Kuvakwa kweKereke

Kubva kuchidzidzo chapfuura tadzidza kubva kuna Isaya 2:2,3; Joeri 2:28; Daneri 2:44 kuti Ushe (kana chechi) yaMwari ichatanga mumazuva ekupedzisira, muJerusarema, pachaburuka mweya, marudzi ose achamhanyira kwairi, uye ichamirira nokusingaperi. Zvakare Kritsu akavimbisa kuna Mateo 16:18; Marko 9:1; naRuka 24:46-49 kuti achavaka kereke yake, iyo ichauya nesimba, uye kutendeuka nekukan-ganirwa zvivi kuchaparidzirwa marudzi ose muzita rake. Zvino tikatarisa Mabasa Avapotsori vechipiri, tinoona kuti mundima imwechete iyoyo tinoona zvose izvi zvezviporofita izvi zvichizasiswa uye zvimvimbiso zvose zvakachengetedzwa.

Tikaverenga bhuku raMabasa vechipiri, zvakanyatsonaka tinoona kuti maApot-sora aJesu aiva muJerusarema panguva iyi: “zvino zuva repasika rakati rasvika. Vakan-ga vakaungana vose pamwe chete pazvimbo imwe. Pakarepo kutinhira sekwemhepo inovhuvhuta nesimba kwakabva kudenga., kukazadza imba yose mavakanga vagere. Vakaona vo ndimi dzichiparadzana dzinenge dzemoto; ndokumhara pamusoro wo-mumwe nomumwe wavo. Vose vakazadzwa nomweya mutsvene, vakatanga kutaura nedzimwe ndimi, pavakapihwa napo nomweya kureva. Zvino paJerusarema pakan-ga pagere, vaJuda, varume vakarurama, vaibva kumarudzi ose pasi pedenga. Zvino kutinhira uku kwakati kwanzvikwa vanhu vazhinji vakaungana, vakakanganiswa, no-kuti mumwe nomumwe wakavanzwa vachitaura norurimi rwake ” (Mabasa 2:1-6).

Chinyorwa chinoenderera mberi kutaura nezvemarudzi mazhinji aivepo “Vaka-katyamara vose vakakanganiswa ndokutaurirana vachiti: Izvi zvinoti kudiiko? Asi vamwe vakaseka vachiti: Vaguta waini itsva. Zvino Petro amire nevane gumi nomum-we, akadanidzira, akaparidzira kwaari, achiti: Varume veJudea nemi mose mugere Jerusarema, chinhu ichi ngachizivikanwe nemi, muterere mashoko angu, nokuti ava havana kubatwa sezvamunofunga imi, zvaichiri zvaichiri nguva yechitanhatu yezu-va, asi ichi ndicho chakarebwa nemuporofita Joeri achiti: Mwari unoti: Namazuva okupedzisira, ndichadurura zvomweya vangu pamusoro penyama yose, Vanakoma-na venyu nevanasikana venyu vachaporofita, Majaya enyu achaona zviratidzo, Na-vatana venyu vacharota hope. .., Zvino kuchaitika kuti aninani unodana zita raShe uchaponeswa” (Mabasa 2:12-17, 21).

Mushure mekuvaraira kuti zvose zvainge zvaitika zvaidudzira chiporofita chakataurwa kumashure uko, Petro anopinda mumharidzo yake. Anoratidza pache-na kuti Jesu ainge akutumwa naMwari kwavari nezvishamiso, neminana nezviradzo, izvo Mwari zvaaita kwavari kubudikidza naJesu. Anoenderera mberi nekuvaeuchid-za matorerwo akaitwa Kritsu nevatambudzi achiiswa mumaoko emhandu kusvikira

mukuroverwa pamuchinjikwa. Anobudisa pachena kuti mwari akamumutsa, kuvakafa. Chinangwa chiri chekuyechidza vanhu maringe nemharidzo yake anotaure zvakataurwa naDavidi, kutaridza kuti naKritsu akararama, akafa, akavigwa, akamuka ndokueda kudenga kunogara chigaro chehumambo kurudyi rwaMwari.

Zvakare anoenderera mberi achiti, “Uyu Jesu vakamutswa naMwari, isu tiri zvapupu zvake tose. Zvino vakati asimudzirwa kurudyi rwaMwari, apihwa nababa chipikirwa choMweya Mutsvene, akadurura izvi zvamunoono nezvamunonzwa. Nokuti Davidi haana-kukwira kudenga, as unoti amene: Ishe vakati kuna Ishe wangu: Gara kurudyi rwangu, kusvikira ndichiita vavengi vako vave chitsiko chetsoka dzako. Zvino imba yose yavaIsraeri ngaizive kwazvo, kuti Jesu uyu vamaKarovera pamuchinjikwa Mwari vakamuita Ishe naKritsu. Zvino vakati vachinzwa izvozvo vakabayiwa pamoyo, vakati kuna Petro nokunavamwe Vapositora : Varume hama, tichaiteiko? Petro akati kwavari : Tendeukai, mumwe nomumwe venyu abapatidzwe nezita Jesu, kuti mukanganirwe zvivi, mupihwe chipihwa cheMweya Mutsvene. Nokuti chipikirwa ndechenyu, nevana venyu, navose varikure, vanozodanwa naShe, Mwari wedu. Akapupura kwazvo namamwe mashoko mazhinji, akavaraira, achiti, muzviponese parudzi urwu rwakakombama. Zvino avo vakagamuchira shoko rake vakabapatidzwa nezuva iro vanhu vanenge zvuru zvitatu vakavedzerwa.Ishe akawedzera kwaari zuva rimwe nerimwe avo vaiponeswa ” (Mabasa 2:32-41,47).

Mukuenderera mberi nechinyorwa tinoona chechi yaJesu ichitanga. Unoona kuti zvivimbiso zvose zvekutanga kwayo zvakaitika kuJerusarema. Simba reMweya Mutsvene rakadururwa pamusoro peVapositora zvose izvi zvakaitika zvaizasisa chiporofita. Peter anoti, “asi ichi ndicho chakarebwa namuporofita Joeri” (Mabasa 2:16), chinova chokwadi. Sezvo vaporofita vakaporofita kuti zvinhu izvi zvaizoitika mumazuva ekupedzisira, zvakare Petro anoti zvaitika sezvakadudzirwa nechiporofita, kuti zvichaitika. Zvakadaro tinoona chechi ichitanga mumazuva okupedzisira. Marudzi ose aiwapo pazuva iri, kutendeuka nekukanganwirwa zvivi zvikaparidzwa vanhu vanodarika zviuro zvitatu (3,000) vakatenda vakaponeswa, vakavedzerwa mu-chechi yaKritsu. Naizvozvozvo Kristu akatanga chechi muJerusalema muna A.D. 30, uye ichararama nokusingaperi.

Mibvunzo

Tiudze kuti ndiani akataura izvi:

1. Ndiani akati achavaka kereke yake?.....
2. Ndiani akataura kuti “ Zvino shure kwaizvozvo ndichadurura Mweya vangu pamusoro ponyama yose;.....”

3. Ndiyani akati “ Ishe wakati kuna Ishe wangu: Gara kurudyi rwangu
4. Ndiyani akati, “ Tendeukai, mumwe nomumwe wenyu abapatidzwe nezita raJesu Kritsu kuti mukanganirwe zvivi?
5. Ndiyani akati muzviponese parudzi urwu rwakakombamara”

Dudzira zviporofitwa izvi.

1. Chechi yaMwari ichatanga rini?.....
2. Ichatangira muguta ripi?.....
3. Vangani vachamhanyira kwairi?.....
4. Ndezvipi zviratidzo zvaichauya nazvo?.....
5. Ichagara kwenguva yakadii?.....

Dudzira zvipikirwa izvi.

1. Ndiani achavaka chechi?.....
2. Ichauya neyi?.....
3. Ichaparidzei?.....
4. Ichaparidzirwa marudzi mangani?.....
4. Zvinhu izvi zvichaparidzirwa muzita rani?.....

Pindura mibvunzo iyi kubva muchikamu 2.

1. Ndiyani akagamuchira Mweya Mutsvene?.....
2. Ndezvipi zviratidzo zvehuwepo hwaMwari?.....
3. Petro akataura sei navanhu , kuti vanzwisise kuti Jesu Mwanakomana vaMwari?.....
4. Ndeipi mibvunzo yakabvunzwa navanhu?.....
5. Uye ndezipi minduro dzaipihwa kumibvunzo iyi?.....

Dudzira.

1. Chechi
2. Chiporofita.....
3. Pentekotsa.....
4. Kutendeuka.....
5. Kubapatidzwa.....

Chidzidzo 4

Zviratidzo Zvekereke

Ndezvipi zvaungaita kuti uvane shamwari yako yavakapesana nayo kwechinguva chirefu? Kazhinji unounganidza zvose zvingabetsera kumuziva usati vatanga kumutsvaga. Paunoona munhu anoenderana nezvavakaunganidza zvavaiziva zvakaita shamwari yamwari yako, unobva vamutora nokuti ndiye vaiunenge uchitsvaga. Nokudaro, kune makerereke mazhinji munyika. Ungaziva sei kuti iyi ndiyo chechi chaiyo? Ungaziva sei kunti ndiyo chechi yaKritsu? Unofanira kutora zviradzo zvechechi yaJesu Kritsu, voenzanisa nedzimwe chechi. Kana uchinge vawana inopindirana nezviratidzo zvaKritsu voziva kuti ndiyo chechi yaKritsu yechokwadi. Zvino Ndezvipi zviradzo zvechechi yaKritsu? Zvinovanikwa kupi? Bhaibheri ndiro mhinduro.

1. **Kritsu akavaka chechi.** “nemi ndinoti kwauri, ndiwe petro, pamuso peruware urwu ndichavaka kereke yangu, masuvo eHadesi.

2. **Yakatangira muJerusarema.** Izvi zvinoonekwa muna Ruka 24:45-49 na Mabasa 2:5.

3. **Yakatanga muna A.D 30.** Izvi tinozvivana kuna Mabasa avapotsori, apo chechi yakatanga zuva repasika.

4. **Chechi inifanira kutakura zita remuridzi Jesu Kritsu.** Paul achitaura nemasangano akatenderedza anoti, “..... kereke dzose dzaKritsu dzinokukwazisai” (Varoma 16:16). Anoenderera mberi achitaura nechechi yaiwa paKorinte, “zvino imi muri muviri vaKritsu Jesu, nomumwe nomumwe mitezo yawo (1 Vakorinte 12:27). Asi chii chinombonzi muviri? Chechi (VaEfeso 1:22,23).

5. **Vana vesangano rayo vanodeedzwa kuti maKritsu.** “.... paAntioki vadzidzi vakatanga kunzi maKritsu” (Mabasa 11:26). “Agripa akati kunaPauro: unenge unoda kundiita muKritsu nonguva duku” (Mabasa 26:28). “asi lkana munhu achitambudzika nokuda kwokuti muKritsu, ngaarege kunyadziswa; asi ngaakudze mwari nezita iri” (1 Petro 4:16). Pakupedzisira, rangarira chinhu ichi, “nokuti hakuna kuponeswa kunomumwe; nokuti hakuna rimwe zita pasipe denga, rakapihwa pakati pavanhu, ratingasunungurwa naro.” (Mabasa 4:12).

6. **Kritsu ndiye ega muridzi,** “ndiye musoro vomiviri, ndiye kereke; ndiye

wekutanga, dangwe revakamuka kuvakafa; kuti iye ave mukuru pazvinhu zvose.” (Va-korose 1:18).

7. **Hakuna umwe asi iye.** “kune muviri mumwe, noMweya mumwe, sezva-makadanawo mutariro imwe yekudanwa kwenyu;” (Vaefeso 4:4). Asi chii chinom-bonzi muviri? Ichechi here? (Vakorose 1:18). Naizvozvo kana kune muviri mwume unova chechi, zvichireva kuti kune chechi imwechete.

8. **Pane mitemo yekuti upinde muchechi.** Inosanganisira kutenda kwako (vaHeberu 11:6), kutendeuka (Mabasa 17:30), kupupura rutendo rwako, (vaRoma 10:9,10) neku bapatidzwa (Marko 16:16). Paunongo gamuchira Jesu unobva vavedzer-wa muchechi yaKritsu (Mabasa 2:47). Zvakare vaRoma 6:3,4; vaGaratia 3:26,27; neVaKorinte 12:13 inodzidzisa kuti munhu anobapatidzwa muchechi yaKritsu kana munhu achinge atenda mumitemo yaMwari anokwanisa kubapatidza muchechi yaKritsu (Johane 3:3-5).

9. **Kunamata kwechechi kunofanirwa kufanana.** Makritsu anofani- ra kusangana nomusi vokutanga vovhiki (Mabasa 20:7) kuzoimbira Ishe, (VaEfeso 5:17), kuzonamata, (Mabasa 2:42), kuzodzidza, (2 Timotio 2:15), kutora tafura yaShe, (Mabasa 2:7) kupa zvipo (1 VaKorinte 16:2).

10. **Zvidzidzo zvechechi zvakanangana nebhaibheri chete.** Pasina ku- vedzera, kutapudza, kana kubvisa (Zvakazarurwa 22:19,18). Bhaibheri ndiro chete bhuku rega rechechi rakafanirwa kutenda mariri, mamwe ese mabhuku haana kufan- ira kuverenga muchechi.

11. **Hurongwa hwechechi unofanirwa kuita muhurongwa hwaM- wari.** Krist ndiye muridzi, kana kuti musoro vekereke (VaEfeso 5:23, uye sangano rimwe nerimwe rinofanirwa kuva nevatariri nevabati varo (1 Timotio 3; Tito 1). Che- chi yaKritsu haina muridzi vepasi rino kana hutungamiri hwepasi pano, kana kuva netumaboka twehutungamiri twakaumba nepfungwa dzavanhu Zvisiri maringe ne- shoko raMwari.

12. **Chinagwa chechechi chiri muzvikamu zvitatu.** Basa rayo kuparidza shoko (kufa nekumuka kwakritsu) (Marko 16:15,16), kubatsira avo vanoshaiva (VaGa- latia 6; Jakobo 2), nekudzidzisa vana vesangano (VaHeberu 3:12-14).

13. **Muckritsu umwe neumwe anofanira kurarama hupenyu hwechiKritsu.** Hatifanirwi kuda nyika ino (1 Johani 2:15; Jakobo 4:4), asi tinofan- irwa kubereka zvibereko zvemweya (VaGaratiya 5:22,23). Vakarurama bedzi ndivo vachagamuchidzwa korona yehupenyu (Zvakazarurwa 2:10).

Izvi ndizvo zvimwe zvezviratidzo zvechechi. Zviratidzo izvi zvakatora mub- huku reupenyu bhaibheri. Enzanisa chechi yenyu nezviratidzo izvi. Somuedzaniso, chimbotora zvina zvekutanga izvo. Zvibvunze mubvunzo, “ Ndiyani akatanga chechi

yandinopinda ?” Yakatangwa nakritsu here kana kuti munhuvo zvake ? Zvakare vozvibvunza kuti “yakatangira kupi ?” Yakatangira kuJerusarema here? Enderera mberi nekuzvibvunza kuti, “ yakatanga rini chechi yaunopinda ?” Kana yakatanga asiri AD 30 haisi chechi yakritsu. Pakupedzisira zvibvunze kuti izita rani rinodaidza chechi yaunopinda? Kana risiri zita rakritsu Jesu, saka ingava yaKritsu sei?. Haungarambe uchienderera mberi nekuzvibvunza, asi izvi zvizhinji kwazvo zvinogona kukubatsira kuti chechi yaurikupinda ndeyani, ndeyachritsu here kana kuti yemunhuvo zvake? Zviratidzo zvavadzidza izvi zvinokwanisa kukubatsira kuti utarisise machechi kuti ndeaMwari here kana kuti kwete. Ndovimba kuti uchakwanisa kuona musiyano ukakwanisa kushandisa shoko raMwari zvakanaka rinova bhaibheri.

Vazviona here hama kuti chechi yauri kupinda kuti ndeyani? Ndiyo here chechi yaMwari irikutaurwa nebhaibheri ? Kana isiyo, hama tsvaka Kritsu achavanikwa tisa nehupenyu hwako utevere Kritsu, tsvaka chokwadi, uchidzidze nekuchitenda uvedzere muchechi yaKritsu yakatsanangurwa mushoko raMwari, uzvitswakire ruponeso rwako nguva ichavanikwa.

Mibvunzo

Pindura zvakafanira.

1. Ungavana sei shamwari yako yavakapesana nayo kwenguva yakati rebeyi?.....
2. Munemachechi akavanda here munyika nhasi?.....
3. Ungazive sei kuti iyi ndiyo chechi yechokwadi?.....
4. Ndekupi kwatingavana ruziwo rwekuti iyi ndochechi yezvokwadi?.....
5. Ndiyani akatanga chechi?.....
6. Yakatangira kupi?.....
7. Yakatanga rini?.....
8. Ipa zita rayo?.....
9. Chechi muviri vani?.....
10. Vana vesangano vechechi yaMwari vanodanwa kuti?.....
11. Ndiyani mukuru vechechi?.....
12. Machechi mangani arimunyika?.....
13. Ipa mazita evabati vepasa muchechi yaKritsu?.....
14. Munhu angauya sei kuna Kritsu nekuchechi yake?.....
15. Ndeapi manamatirwo anoitwa musangano raKritsu?.....
16. Ndezvipi zvidzidzo zvechechi yaKritsu?.....
17. Ndezvipi zvinofanira kuva nesangano rimwe nerimwe?.....
18. Taura zvinagwa zvitatu zvakakosha zvekereke?.....
19. MuKritsu anofanirwa kurarama hupenyu hwakadii?.....
20. Ndeyani achawana korona yehupenyu?.....
21. Chechi yakatangwa nemunhu ingava yaMwari here?.....
22. Chechi ingava yaMwari here kana isina kutangira kuJerusarema?.....
23. Chechi isina kutanga AD 30 ingava yaJesu here?.....
24. Tingati chechi ndeyaKritsu here kana vatendivayo vasingadanwe nezita raKritsu?.....
25. Kana uchinge vagamuchira Jesu, Kritsu anokuvedzera kuchechi yani?.....

Chidzidzo 5

Zita ReKereke

Kana chechi ichitenda shoko raMwari kubudikidza nebhaibheri inofanira kuva nezita rinobva mubhaibheri. Sezvatinoziva tese kuti kune machechi mazhinji akatangwa navanhu, ane mazita avanhu. Zvakauyasei? Mamwe emazita acho akapihwa kuremekedza akaitanga, zvakafanana nekuti “Lutheran” mamwe acho akatore-ra padzidziso dzakafanana nekubapatidza uye nzira yatinoita nayo basa raMwari. Mwamwe acho anorumbidza zuva rakaita sezuva rePentekosta kana zuva resabata. Asi chinoshamisa vanhu vose ava nevamwe vandisina kutaura vanopa mbiri, kukudzwa nerumbidzo kuna Kritisu Jesu, asi vachipa mazita avanoda vamene pachechi dzavanoti ndedzaKritisu.

Mazita edu atinoda pachechi yaKritisu akaipa pazvinhu zvizhinji. Chekunga anokonzeresa kusavirirana. Anoratidza husavepo hwaMwari. Anoparadzanisa vanhu. Anopikisana nemunyengerero vaKritisu kuna Johane 17, apo anonamata kuti tive vamwe.

Chechipiri chakarambidza mushoko ramwari, Vakorinte 1:10-17. Pauro unoudza hama dzaiva paKorinte zvakaipira kudaidzwa nemazita avanhu, achiti zvinokonzeresa kupesana kuita zvipoka nezvikwata.

Chechitatu, mazita avanhu anokonzeresa kunamatwa kwavanhu! Tinoverenga maringe nezita raKritisu, “ nokuti hakuna kuponeswa kunomumwe; nokuti hakuna rimwe zita pasi pedenga, rakapihwa pakati pavanhu, ratingasunungurwa narwo” (Mabasa 4:12)

Chechina, mazita avanhu pakereke yaMwari nemazita anokonzeresa kusanzwisisa kevasingatende zvinokonzeresa kusatenda.

Chechishanu, anokanganisa vose vanodanwa navo. Navose vanosiya Kritisu nokuda kwavo, vacharasika. Nokuda kwaizvozvo vachatadza pamberi paMwari.

Kritisu akavimbisa kuvaka chechi (Mateo 16:18). Zvinotaura kuti akaitenga neropa rake (Mabasa 20:28), uye achava mukuru vayo (Mateo 1:18). Zvakangokosha kuti itakure zita rake kuremekedza muridzi vayo, muvaki vayo, muponesi vayo uye mukuru kana mutongi vayo. Ndosaka Pauro paainyorera kereke yaiva paRoma, aitumira kwaziso kubva kukereke yaiva munzwimbo yaanenge ari achiti “ Kereke dzese dzaKritisu dzinokukwazisai” (vaRoma 16:16). Zvakare paaitaura nekereke yepaKorinte anoti, “ Zvino imi muri muviri waKritisu, nomumwe nomumwe mitezo yawo” (1 Korinte 12:27). Sezvo muviri uri chechi (vaEfeso 1:22,23), aitaura chechi yaKritisu. Inogona kudaidzwa futi kuti chechi yaMwari (1 vaKorinte 1:2, Mabasa 20:28), Ushe hwaMwari (1 vaKorinte 6:9), Ushe vaKritisu (vaEfeso 5:5), Ushe hweM-

wanakomana (vaKorose 1:13), Vushe hwaishe wedu (2 Petro 1:11), chechi yaMwari mupenyu (1 Timotio 3:15), chechi yedangwe raMwari (vaHebhuru 12:23), nemamwe mazita anotumidzwa Mwari mubhaibheri.

Nokudaro chechi yaMwari haina kodzero yekudanwa nezita remunhu, kana rimwero zvaro kunze kweraKritsu. Zvakare rangarira kuti chese chamwari ndechaJesu zvichingotenderera kudaro. Zvakare mazita ataurwa pamusoro apo anotaura chechi iyo Kritsu akavaka. Kana isiri chechi yaKritsu, saka ingava chechi yani? Namazita ose atadzidza apa, unongoona nematsanamgurirwe aitwa unomgoona munhu achibuda mushoko raMwari kunotswaga zita rinomuitira kuti atumidze kereke yaKritsu ngandirambire mubhaibheri mudikani, todana chechi nezita rakafanira sezvinotaura bhaibheri. Tikadaro tinopona.

Zvakare bhaibheri rinobudisa pachena kudanwa kunoita vanhu vanopinda chechi yaKritsu. Kutanga namuporofita isiaya anoti mwari achapa vanhu vake zita idzwa (Isiya 62:2). Zita iri rainge rakataurwa naPauro kare, (Mabasa 9:15), asi harina kupihwa kusvikira magentiles avana mukana vekutenda Mwari zvese izvi zvakazasiswa paAntioch yepaSyria apo vaapotsora vakatanga kudanwa kunzi maKritsu (Mabasa 11:26) kumberi tinozowa Pauro achiparidzira mambo Agripa, “Agripa akati kuna Pauro: unenge unoda kundiita muKritsu nenguva duku” (Mabasa 26:28). Petro zvakare unoti, “asi kana munhu achitambudzika nokuda kwokuti muKritsu ngaarege kunyadziswa; asi ngaakudze Mwari nezita iri” (1 Petro 4:16).

Zviripachena kuti vateveri vaKritsu panguva yeTetsamente itsva vainzi maKritsu. Mwari anoda kuti nesu nazvino tidanwe saizvozvo. Kana tichidana nezita risiri maKritsu, zvoreva kuti hatisi maKritsu ezvokwadi. Zita rekuti muKritsu rinotisiyanisa nevanhu venyikaino, uye ndozvinoda Mwari.

Pamazita maviri rechechi nevatendi vayo, Kritsu ndiye chete akafanirwa kukudzwa. Neyi? Nekuti izita remhuri (VaEfeso 3:14,15), zita riri pamusoro pemazita ose (VaFiripi 2:9-11), zvakare zita rineruponeso (Mabasa 4:12). Naizvozvo tinofanirwa tinofanirwa kutenda kuzita raKritsu (1 Johane 5:13), pupura kunaka kwezita iri (2 Timoti 2:19), tendeuka ubapatidzwe muzita rake (Mabasa 2:28) batana nevamwe kunamata zita ireri (Mateo 19:20), ita zvose muzita rake (VaKorose 3:17) kuti tiwe nehupenyu husingapere muzita rake (Johane 20:30,31)

Mukuenderera mberi nekudzidza, ungati hapana here ruponeso muzita, haku-ruponeso kumazita avanhu kana nzvimbo, uye awo vanodanwa namazita avanhu nezvimbo vacharasikira nedenga nokuda kwavo. Nekumwe kutaura ruponeso rinovanikwa muzita raKritsu Jesu.

Mibvinzo

Pedzisa Mibvunzo Iyi.

1. “Chechi inofanirwa kuva nebhuku rayo here kunze kwebhaibheri.....
2. “Mazita avanhu nekuzvikudza
3. “Munamato unokumbirwa
4. “Ziva uri
5. “Mwari anopa vanhu vake

Tsvaka Mhinburo Hongu/Kwete.

1. Chechi inofanirwa kuva nenezita risiri mubhaibheri here?
2. Mazitaevanhu pakerere yaMwari zvakaipa here?
3. Ruponesorunovanikwa muzita raKritsu here?
4. Mwari anoda here kuti tose tidanwe nezita rake nhasi?
5. Munhu angarumbidza Mwari here asingadanwe nezita rake?

Pindura Mibvunzo Iyi.

1. Ko mamwe emachechi avanhu akauya sei?.....
2. Sei chechi dzavanhu dzichinyepa?.....
3. Kistu akanamatirei?.....
4. Taura zvakaitwa naPauro paaka ona kuti vanhu vakuita zviboka?.....
5. Sei chechi ichifanira kunzi yaKritsu?.....
6. Tedzera vaRoma 16:16?.....
7. Chii chinoinzi muviri va Kritsu 1 Korinte 12:27?
8. Ipa mamwe mazita echechi?.....
9. Kana chechi isiri chechi yaKritsu inova chechi yani?.....
10. Vatendi vechechi yaKritsu vanodanwa kunzii?.....
11. Tipe ndima dzitatu dzinotaura nezve zita rekuti maKritsu?.....
12. Mwari anoda kuti tinzii nhasi?.....
13. Zvinoita here kuti uve imwe mando yemuKritsu?.....
14. Sei tichifanira kukudza zita raKritsu?.....
15. Tirikufanirwa kuita sei nezita raKritsu?.....

Chidzidzo 6

Hurongwa hweKerekere

Kritsu akatanga chechi (Mateo 16:18). Chechi iyi inovakwa nevanenge vadanwa, pasi rese (vaKorose 1:13,14). Ine vanhu vakaponeswa (Mabasa 2:47). Muviri vake veMweya (vaKorose 1:18), uye kune muviri mumwe neMweya umwe (vaEfeso 4:4).

Chechi imwe chete pasi rese, inoumbwa nezvuru zvamazana zveMasangano, uye sangano rimwe nerimwe richigadzirwa nezvuru zvamazana evanhu. Zvichireva kuti hutungamiri hwayo huri musangano rega rega kweti munyika kana pasirose asi pasangano roga roga. Nekumwe kutaura sangano ra Kritsu harina mukuru kana hofisi pasi pano varo asi kudenga anowa Kritsu.

Bhaibheri rinodzidzisa kuti Kritsu ndiye mukuru vechechi. Ngatitarisisei zvinorwa zvinotevera: “akaisa zvose pasi petsoka dzake, akapa kereke iye, kuti ave musoro pazvose, ndivo muviri vake, kuzara kwaiye unozadzisa zvose munavose (VaEfeso 1:22,23). “Nokuti murume musoro womukadzi, naKritsu vo musoro wekereke; iye amene ndiye muponesi womuviri (VaEfeso 5:23). “Ndiye musoro womuviri, ndiye kereke; ndiye wokutanga, dangwe ravakamuka kuvakafa, kuti iye ave mukuru pazvinhu zvose” (VaKorose 1:18). Zvino ndima iyi inodzidzisei? Sekutanga kwayakaita kuti kritsu ndiye mukuru emuviri, inowa chechi. Zvino misoro mingani iripo? Imwe chete, uye Kritsu ndiye musoro vacho, haana umwe vaanodyidzana naye.

Sezvo chechi ichivapo nemasangano akavanda pasi rose, Kritsu ndiye mukuru, zvichireva kuti ndiye mukuru kwese kwese kunemasangano ake. arizvakare mutungamiri wemunhu mumwe nemumwe zvake ari muchechi yake. Kusimbisa izvi Pauro anobva ati “Asi ndinoda kuti muzive kuti musoro womumwe nomumwe ndiye Kritsu; uye musoro womukadzi ndiye murume; uye musoro vaKritsu ndiye Mwari (1 VaKorinte 11:3).

Sangano rimwe nerimwe rinofanirwa kuva nehutungamiri hwaro. Kritsu ari mukuru, kubva kuvana vesangano, kune maVatariri neVabati vanosarudzwa kuti vatarise mabasa echechi. Vatariri vanoitarira Mweya yevatendi (VaHebhuru 13:17). Vabati vachiona nezvemabasa akanangana nekufamba kwekereke (Mabasa 6). Tichacherechedza shoko raMwari tinobuditsirwa pachena mabasa eVatariri neVabati, pasangano, panzvimbo pekuti emutariri mumwechete kana mubati mumwe chete achitungamira ari oga. kana kunzwa panonzi mutariri kana mubati veimwe chechi vanoshandidzana asi pasina mumwe anozviti mukuru kuna vose.

Manzwi ekuti Mutariri, Mufundisi, Bishopi, Mufudzi and presbyter all vose vanongomirira hofisi imechete. Mutariri anogona kunzi Mufundisi, Bishopi. Muna Tito 1:5-9 Pauro anotaura zvinotarirwa: “Ndakakusiya pakereke nemaka iyi, kuti upedzese kugadzira izvo zvakanga zvasara, nokugadza vakuru mumaguta ose, sezvandakakurai-

ra. Kana kunomunhu usina chaangapomwera, murume vemukadzi mume chete, une vana vanotenda, vasingapihwi mhosa yekuti havazvidzore, kana kuti havatereri. Nokuti mutariri anofanirwa kuva munhu usina chaangapomera, somuchengeti weimba yaMwari, asingaiti kuda kwake, asingakurumidzi kutsamwa, asingadi waini, asingarwi, asingafariri pfuma yakaipa. Asi unoitira vaeni rudo, nounoda zvakanaka, vakachenjera, vakarurama, mutsvene, unozvidzora. Unobatisisa shoko razvokwadi, sezvarinodzidziswa, kuti agone kuraira nedzidziso yakarurama, nokukunda vanokakavara”. Zvinhu zvinotarisisira izvi zvakataurwa zvakare muna 1 Timotio 3:1-7, saka haasi munhu vese ari muchechi anokwanisa kuita mutariri. Avo vane zvinotarisisira chete ndivo vanosarudzwa, uye vanofanira kuva vari varume vakachenjera. Mumasangano musina vanhu vanokodzera kana kutarisirwa kupinda pabasa iri rehotariri, varume vemuchechi vanofanobata basa kusvikira sangano rakura zvekutsvaga vatariri.

Vabati vanotarisisirwa kushanda pamwe chete nevabata. Vanoziikanwa nokuti varanda vaMwari, vachishanda pasi pehurongwa hwevatariri vepachechi. Pauro anotaure zvinodiwa: “Saizvozvovo vashumiri ngavave vanokudza, vasina manzwi maviri, vasingade vaini zhinji, vasinga kariri pfuma yakaipa. Vanochengeta zvakananzika zvokutenda muhana yakanaka. Naizvozvo naivo ngavatange kuidzawo, ipapo vashumire, kana pasina chavanopomerwa. Saizvozvo vakadzi ngavave vanokudza vasingacheri vamwe, vakasvinuka, vakatendeka pazvose. Vashumiri ngavave varume vane mukadzi mume chete, vanobata vana vavo nedzimba dzavo zvakanaka; nokuti avo vanoshumira zvakanaka vanozvivanira zita rinokudzwa, nekukunda kukuru pakutenda kwavo muna Kritisu Jesu (1 Timotio 3:8-13).

Uhwu ndohuronga hwechechi. Kritisu ndiye mutungamiri, sangano rimwe nerimwe rine vatariri nevabati varo, vachishandidzana namufundisi, nemudzidzisi uye nesangano. Munhuronga hwaMwari, kana rimwe sangano ratadzira Mwari, rimwe sangano harikanganisike rinoramba rakarurama. Muhuronga haMwari sangano rimwe nerimwe rakazvimirira muhurongwa hwaro. Masangano haasungwi pamechete nemitemo yavanhu asi nekuda kwerudo. Anofambirana nekushandidzana pamechete munaKritisu Jesu.

Hapana kana paunoverenga mubhaibheri pakanyorwa Petro kana mumwe munhu ari mukuru kana muridzi wechechi. Ndepapi pakamyora kunzi Bishopi kana Mufundisi kana mumwe munhu zvake achinzi ndiye mukuru wechechi. Hapana patakamboverenga panotaure zva “clergy” kana laity”. Zvitendero zvizhinji zvakasiya hurongwa hwaMwari hwechechi, ndosaka tichiona kupesana nekumuka kwemachechi kwavandisa pasi rese. Hama ngatidzokerei kushoko raMwari kuti tinamate muzvokwadi tichitedzera mitemo yaMwari mukereke yake.

Mibvunzo

Ipa Minduro Pamibvunzo Inotevera.

1. Ndiyani akatanga kana kuvaka chechi?.....
2. Chechi inoumba neyi?.....
3. Muviri vaKritsu ndovenyama here kana kuti ndowo Mweya?.....
4. Kune machechi mangani?.....
5. Chechi i..... Iri mumando.....
6. Chechi inovaka nevanhu vane zana nemazana avanhu
7. Kuti pasi rose?.....
8. Chechi yaKritsu ine mukuru kana hofisi pasipano here?.....
9. Ndiani mukuru vechechi?.....
10. Hutungamiri vesangano raKritsu hunonzii?.....
11. Ndeapi mabasa evatariri nemabishopi?.....
12. Vatariri nevabati vangani vanogadzwa pachechi?.....
13. Ndemapi mamwe mazita anodaidza navo vatariri?.....
14. Ndepapi pakanyora zvikanisirwa zvinodikanwa kuti munhu ave mutari-ri?.....
15. Ndepapi pakanyorwa zvikwanisirwazvinodikanwa kuti munhu ave Mubati?
16. Chechi ingaita here vabati nevatariri vasina vanhu vanokodze ra?.....
17. Ko ndiani anotungamira chechi?.....
18. Masangano anosunganidzwa sei?.....
19. Zvinoita here kugadzirisa kana kuwedzera hurongwa hwaMwari?.....
20. Mushoko raMwari pane pakanzi Petro mutungamiri wechechi here?.....
21. Takamboverenga here nezve hofisi muchechi inenge iina Bishopi?.....
22. Vakamboverenga here Mufundisi ari mukuru vechechi?.....
23. Vakamboverenga here nezvema “clergy” kana “laity”?.....
24. Sei kuine kusavirirana muchech?.....
25. Ndekupi kwatinonzidza hurongwa hwechechi?.....

Chidzidzo 7

Kupinda MuKereke

Muzvidzidzo zvataita taona kukosha kwechechi. Zvichitsigira nezvinyorwa zvinotaura kuti Kritisu akafira chechi (vaEfeso 5:25), akaitenga neropa rake (Mabasa 20:28), uye kuti ndiye muponesi vayo (vaEfeso 5:23). Mibvunzo ingabvunzika ndeiyi: kuti Kritisu akafira chinhu chisina basa? Akadeura ropa rake kuti atenge chechi isina nebasa? Angave muponesi vayo here, kana munhu achiponeswa kunze kwayo? Chivimbo change kuti hauvirinani nemibvunzo iyi, ndovimba kudaro. Saka sei zvichinzi chechi haina basa, uye kuti munhu anovana ruponeso kunyangwe asina kumboita mana vesangano raKritisu? Izvi zvinotendwa chete nevanhu vasinganzwisisi chechi, uye vakapaba mafungiro.

Unomboziva here kuti bhaibheri harina kudzidzisa kuti chechi ineruponesu, asi panguva imwechete rinodzidzisa kuti munhu anofanirwa kuva mwana vesangano kuti aponeswe. Sengarava yakanga isingaponeso, asi Noah nemhuri yake ndiwo vaifanirwa kupinda mungarava kuti vaponeswe kubva kubvura zhinji, ndozvakafanana nechechi. Hazvisizvo bedzi asi kana munhu atendeuka akabapatidzwa nekugamuchira ruponeso Ishe anomuwedzera muchechi yake. Apo vanhu vanzwa shoko, ndokurigamuchira pazuva repentekotsa, mamazuva akazotevera, magwaro anoti, “Vachirumbidza mari vachidikanwa navanhu vose. Ishe akavedzera kwavari zuva rimwe nerimwe avo vaponeswa” (Mabasa 2:47). Saka kana munhu agamuchira ruponeso anova mwana vesangano raKritisu. Zviripachena kuti kana usiri Mwana vesangano raKritisu zvinorewa kuti hauna kuponeswa. Nokumwe kutaura hakuna chinhu chinonzi kuponeswa kunze kwechechi. Munhu anoponeswa kana asiri mwana vesangano remachechi avanhu, zvakare haaponeswe kana asina kuzvarwa patswa muchechi yaKritisu.

Mukuenderera mberi nechidzidzo chedu, munhu haapinde muchechi yaKritisu, asi kuti Mwari anovedzera vanenge vaponeswa muchechi yake. Sezvo achivedzera vanenge vaponeswa muchechi yake, zvoreva kuti chechi inoumbwa nevanhu vakaponeswa. Mwari anotarisa mumoyo, hunhu, nezvimwewo zvakasiyana siyana, izvo zvinoumba mafambiro emunhu, kuti aonekwe kutenda kwake. Kana aching aratidza kutenda Mwari anomuwedzera muchechi. Kana asingatendi, Mwari haamuwedzere, kunyangwe tainge tamugamuchira, nokuti tinenge taona kururama kwake kwekunze sezvo tisingakwanisi kuona kururama kwemoyo vomunhu nemaziso enyama, asi Mwari anoona mumoyo. Kana munhu apinda chechi, zvese zvinhugamuchirwa pasingatariwe kuipa kwake, ndosaka Mwari vachivedzera voga. Havapotse kuti ndeupi arikufanirwa kunoponeswa kana kuti arikungoita gudza mudungwe.

Sezvo Kritisu ariye muponesi vekereke, uye ndiye anovedzera vanenge va-

poneswa mairi, ungada kuziva kuti Mwari anoda chii kuvanhu vake kuti vapinde muchechi yake. Izvi zvakataurwa mushoko ramwari. Zvinonyanyo kubudisa pachena mubhuku ramabasa avapotsora. Batisisa zvinotevera zvakakosha kuti munhu apinde muchechi yaKritsu.

1. **Munhu anofanira kunzwa chokwadi.** “Naizvozvo kutenda kunouya nokunzwa, nokunzwa kunouya neshoko raKritsu” (vaRoma 10:17)
2. **Unofanira kutenda kunaMwari naKritsu.** “Moyo yenyu irege kumanikidza, tendai kunaMwari, motende vo kwandiri” (Johane 14:1).
3. **Unofanira kutendeuka zvivi zvake.** “Ndinokuudzai: Kwete; asi kana musingatendeuki , imi mose muchaurava saizvozvo” (Ruka 13:3).
4. **Unofanira kupupura Kritsu kuti mwanakomana vaMwari.** Kristu anoti: “ Mumwe nomumwe uchandipupura pamberi pavanhu, neni ndichamupupurawo pamberi pabavba vangu vari kudenga” (Mateo 10:32).
5. **Unofanirwa kubapatidzwa kuti aregererwe zvivi.** Kubapatsidzwa uku ndekwekunyika mumvura (vaRoma 6:3,4; Mabasa 8:26-29). “Unotenda, ukabapatidzwa, uchaponeswa; asi usingatendi uchatonga” (Marko 16:16).

“Petro akati kwavari: tendeukai, mumwe neumwe venyu abapatidzwe nezita rajesu, kuti munganganirwe zvivi, mupihwe chipiha chemweya mutsvene” (Mabasa 2:38).

Zvino Ndezvipi zvatadzidza? Tadzidza kuti Mwari ndiye anovedzera vanenge vaponeswa muchechi yake. Zvichireva kuti munhu akatenda Mwari , akaponeswa anobva apamidzirwa muchechi. Taona nekudzidza kuti tikanzva shoko, totenda kwariri, votendeuka pazvivi, wopupura Kritsu, nekubapatidzwa, munhu anoponesa. Kana munhu aita izvi anovedzera muchechi, sezvo kutenda kuna Mwari ndihwo hurongwa hweruponeso hwaMwari kuti munhu avedzerwe muchechi.

Imwe nzira inotaurwa naKritsu yekupinda muUshe hwake inzira yerubapatsidzo remvura noMweya (Johani 3:3-5). Chii chinombodzi Ushe? Ichechi (Mateo 16:18-19). Mwari ane nzira mbiri here dzingashandiswa kupinda chechi? Hapana. Zvoreva kuti munhu akatendeuka akabhapatidzwa, nekutedzera zvidzidzo zvayo muno anokodzera kuzvara mumba maKritsu inova chechi.

Zvakare Pauro anotaura kuti takabhapatidzamumuviri umwe (1 vaKorinte 12:13). Asi muviri chii? Chechi ndomuviri (vaKorose 1:18). Miviri iyi mingani? Ndoumwe (VaEfeso 4:4; 1:22-23). Munhu angapinda sei mairi? Kubudikidza nerubhapatidzo. Kritsu unoti munhu unofanira kutenda kuti abhapatidzwe kuti aponeswe (Marko 16:16). Ndozvakaikwa nevanhu vaiwa pakorinte (Mabasa 18:8). Zvichireva kuti munhu akabhapatidza mukereke yaKritsu muchechi anobva ava mana vesanganokana kuti kuvedzerwa muchechi.

Pangori nenzira imwe yekuponeswa, sezvatakaona, Ishe achivedzera vakaponeswa muchechi. Hama uri mwana vesangano here yakataurwa mubhaibheri? Kana usiri, hauna kuponeswa. Tsvaka, dzidza, zvakareterera Ishe, iye pachake anobva akuvedzera muchechi yake.

Mibvunzo

Ipa minduro dzakafanira.

1. Taonei muchidzidzo chedu chechechi?.....
2. Ndiyani akafira chechi?.....
3. Yakatengwa neyi chechi iyi?.....
4. Ndiyani muponeso vayo?.....
5. Tinga ziva sei kukosha kwechechi?.....
6. Sei vamwe vachiti chechi haina kugosha?.....
7. Chechi inoponesa here?.....
8. Munhu anofanira kuva Mwana vesangano kuti aponeswe.....
9. Ndekupi kwaifanirwa kunge kwaiva naNoah nemhuri yake, aponese mudutu remvura?.....
10. Kune rumwe ruponeso here kunze kwemuchichiko?.....
11. Ndiani anovedzera vanenge vaponeswa muchechi?.....
12. Ipa ndima imwe chete yemubhaibheri inodzidzisa izvi.....
13. Kana munhu aponeswa anobva ava mwana vesangano vechechi ipi?.....
-
14. Munhu anojoina here chechi yaKritsu?
15. Ndezvipi zvinhu zvishanu zvinofanorwa kuitwa kuti munhu apinde muchechi?.....
16. Munhu angaponeswa here kana asi musangano raKritsu.....
17. Rubhapatidzo
18. Chinangwa chebhaibheri ndecheyi.....
19. Chii chinonzi Ushe?.....
20. Ndeipi nzira imwe chete inopinza munhu muUshe hwekudenga?.....
21. Chii chinonzi muviri?.....
22. Kune muviri mingani ?.....
23. Munhu angapinda sei?.....
24. Kunedzira ngani dzekuponesa nadzo?.....
25. Kune nzira ngani dzekunamata nadzo Mwari?.....

Chidzidzo 8

Kunamata kweKereke

Chechi inoumba nevanhu vanenge vaponeswa. Chinanga chayo kunamata nekushanda naMwari kubudikidza naJesu Kritisu. Pauro anoti “ Uye zvose zvamunoita, kana zviri zveshoko kana zviri basa kana shoko, itai zvose nezita raIshe Jesu, muchivonga Mwari baba naye” (vaKorose 3:17).

Kune nzira dzitatu dzekunamata nadzo dzakataurwa Testamente Itsva. Pakutanga tinoverenga nezve kunamata vanhu vasina hanya. Pauro paaiwa pakati kati pegomo remasi muathensi, akaona zvifananidzo zvizhinji zvakamupoterredza, anoti “Nokuti ndakati ndichipfuura, ndichicherechedza zvamunonamata, ndakawanavo Atari yanga yakanyorwa: KUNAMWARI ASINGAZIIKANWE. Zvino chamunonamata musinganuzivi, ndicho candinokuparidzirai” (Mabasa 17:23).

Vanhu vazhinji mazuvano, ndomanamatiro arikuitwa. Vanhu mazana nemazanha varikunamata zviumbwa nokuta kwekusaverenga bhabheri shoko raMwari.

Chechipiri, shoko raMwari rinotaura nezvevanhu vanonamata mukumanikidzira. Kritisu anoti: “Asi vanondinamata pasina vachidzidzisa Dzidziso dzine mirairo yavanhu” (Mateo 15:9). Vazhinji ndomanamatiro avari kuita mazuva ano. Kunamata Mwari vanonamata, ehe asi manamatiro avo ndeekumanikidzir, nokuti vanoparidza nekudzisa Dzidziso yavanhu dzavanhu pazvimbo yekutedzera dzidziso yaMwari.

Chechitatu shoko raMwari rinotaura kunamata kwezvokwadi kuri mumweya vezvokwadi. Tinoverenga shoko raKritisu, “Mwari ndiMweya; vanomunamata, vanofanira kumunamata mumweya nezvokwadi”(Johane 4:24). Ndiyo chete mhando yekunamata inotenderwa naMwari. Ichi ndicho chokwadi chaivanikwa munguva yaKritisu kunyangwe nanhasi. Kunamata kwaitwa kunaMwari mumweya (mukuzvinipisa nekunzwisisa) uye muchokwadi (sezvakanyora). Mwari haamanikidze munhu kuti amunamate, asi avo vanomunamata ngavamunamate sezvaanoda.

1. **Vaiungana kudzidza.** Kunyangwe Timotio anga akadzidziswa shoko kubva achiri Mwana (2 Timotio 3:15), Pauro anomuraira semuparidzi mudiki, “shingaira uzviratidze pambereri paMwari uri munhu wakatendeka, asingafanirwi hake kunyadziswa, unonyatsa kururamisa shoko razvokwadi” (2 Timotio 2:15). Izvi zvinotarirwa kumuKritisu vese kunyanya panguva yatinenge taungana kunamata. Ndonguva apo Mwari anotaura nevana vake kubudikidza neshoko rake. Muna Mabasa 20:7 tinoverenga pauro achiparidza kuvatendi senzira yekudzidza shoko raMwari.

2. **Vainamata.** Apo vanhu vakatenda shoko raMwari pazuva repentakosta tinoverenga, “ Vakatsungirira pakudzidzisa kwaVapotsora, napakuyanana kwavo, napakumedura chingwa napamunyeneyetero” (Mabasa 2:42). Kubudikidza nemuminyengete-

ro, vanhu vaMwari vanovana mukana vekutaura nababa vawo varikudenga. Hazvipi mufungo vakanaka kana maKritsu akaungana poshaika munyengetero.

3. **Vaiimba nziyo.** Pauro anonyora kuvatendi “mutaurirane pakati penyuru namapisarema, nenziyo nezviimbo zvoMweya, muimbire muridziree, Ishe mumoyo yenyu”(vaEfeso 5:19). Zvakare verenga vaKorose 3:16 uye vaHebhuru 13:15. Ndidzo mhando dzenziyo, dzisingaridze nedzinoridzwa. Ndeipi mando yenziyo dzodikanwa naMwari? Akati anoda dziyo dzisingaridzwe zviridzwa zvenyika ino. Pauro anobva ati tiimbire Mwari tichiridzira mumoyo. Zvinova zvinoratidza kuti zviridzwa hazvidikanwe. Makritsu ekutanga aiimba achipa mbiri kunaMwari pasina zvirudzwa. Chinguva chati fambei vanhu vakatanga kuunza zviridzwa mukuimbira Mwari, izvo Mwari asina kutendera. MaKritsu haafanire kurumbidza Mwari achiridza ngoma kana chero chipi zvacho chiridzwa chenyerika ino, zvinova zvinonyangadza Mwari.

4. **Vaiungana kutora vachimedura tafura yaShe.** Muenzaniso tinoupiwa kuna Mabasa 20:7. Zvakare Mateo 26:26-28 uye 1 VaKorinte 11 tinodzidziswa kutora chingwa chisina mbiriso mukurangerira muviri vaKritsu, uye muto vemuzambiringa tichirangerira ropa raKritsu. Izvo zvatinokumikidza kuramba tichiita kusvikira nhasi.

5. **Vaipa zvipo.** Pauro anoudza kereke yaiva paGaratia neKorinte, “ Zvino kana zviri zvipo zvakaunganidzirwa Vatsvene, sezvandakaraira kereke dzeGalatia itaiwo nemivo saizvozvo” (1 vaKorinte 16:2). Zvakare ngativerenge vaKorinte 9:7.

MaKritsu ekutanga aisangana musiki vekutanga vevhiki Mabasa 20:7, 1 vaKorinte 16:2 kunamata Mwari. Vakapihwa yambiro “Tisarege kuungana, sezvinoita vamwe asi tirairane; zvikuru zvamunoona kuti nguva yaperu” (vaHeberu 10:25). Kunyangwe nanhasi semaKritsu tikufanira kutevedzera izvozvo uye kunamata zuva rakatarwa rekutanga kwevhiki. Kunamata Mwari hakuna kumbooma asi chete kuti. Vamwe vanofunga kuti rinofanira kuva zuva rose, kuita minamoto nekutedzera tsika dzekare, semuedzanisa kudzokorodza minamoto, asi hazvisiridzo. Mwari akaraira, manamatorwe anoda kuti aitwe. Mwari akataura Saka vanhu vakufanirwa kutedzera. Zvikangodaro Mwari anonamwatwa, nekupihwa mbiri zvakarurama.

Mibvunzo

Ipa Mhinduro Yakafanira.

1. Chechi yakagadzirwa nei?.....
2. Ndechipi chinangwa chechechi?.....
3. Ndezvipi zvinofanirwa kuita mumba maKritsu?.....
4. Imhando ngani dzekunamoto dzatinoverenga muTetsamente itsva?.....

5. Pauro aivepi kwaakaona mifananidzo mizhinji?.....
6. Akavatii maringe nemanamatiro avo?.....
7. Kune vanhu here mazuva ano vachiiri kunamata zvakafanana nezvaitaura ?.....
8. Ndiani akati vainamana zvisina hanya?.....
9. Sei vainamata sei vainamata zvisina hanya?
10. Ipa ndima inotsigira?.....
11. Pakati pachiri nevanhu here mazuvano vachiri kurumbidza mwari asi vasina hanya naMwari vacho?
12. Chii chinonzi kunamata kwezvokadi?.....
13. Tedzera Johane 4:24.....
14. Zvinoborevei kunamata Mwari mumeya?.....
15. Zvinorevei kunamata wari muzvokwadi?.....
16. Ndedzipi dzira dzekunamata nadzo Mwari dzaanoda?.....
17. Ndekupi kwatinoverenga nzira dzinoda mwari?.....
18. Ipa mhando shanu dzokunamata nadzo?.....
19. Mwari akutaura nemunhu sei nhasi?.....
20. Vana vaMwari vanotaura naMwari sei?.....
21. Ndedzipi mhando mbiri dzedziyo dziriko?.....
22. Ndedzipi mhando dzenziyo dzinodikanwa naMwari?.....
23. Chii chinonzi tafura yaShe?.....
24. Izuva ripi revhiki rinoungana maKritsu?.....
25. Hurongwa hwaMwari hwekunamata unotapudzwa here kana kuvedzerwa?.....

Chidzidzo 9

Basa Rekereke

Sei chechi iripo? Chinanga chayo ndecheyi? Basa rayo ndereyi? Kuti tinzwisise handeyi kushoko raMwari.

Chekutanga ngatitarisei kuti chechi haifanire kuita sebusimusi renyika ino, kana kutora chechi sekunge matorero atinoita bhisimusi rezvikoro kana zvipatara. Kana kuishambadza muzvivhitiviti kana mukutengesa mabhuku echechi kutsvaga mari. Zvese izvi zvakanaka kana zvichiitwa nedungamunhu kwete kuti rive basa rechechi. Asi mazuva ano ndozvakunyanwa kuitwa nechechi ichikanganwa chinangwa basa raMwari.

1. **Kuparidza vhangeri.** Kritisu akadzidzisa vadzidzi vake, asati afa uye kuenda kudenga. “ Endai naizvozvo, mudzidzise marudzi ose, muvabapatidze muzita raBaba, neroMwanakomana, neromMweyamutsvene; muvadzidzise kuchengeta zvose zvandakakurairai, imi, tarirai ndinemi mazuva ose, kuzvikira kuguma kwenyika” (Mateo 28:19,20). “Akati kwavari, Endai munyika yose muparidzire zvisikwa zvose Evangeri. Unotenda ukabapatidza uchaponeswa; asi usingatendi uchatongwa” (Marko 16:15,16). Zvakare Pauro anoraira Timoti “Paridza shoko, ramba uchidaro, nenguva yakafanira, kunyangwe isakafanira; raira, tuka, ranga, nomoyo murefu zvikuru nokudzidzisa” (2 Timotio 4:2). Dzimwe ndima tingape zvedu asi iyti yega inotibudisira pachena kuti mwari anoda kuti evangeri yake idzidziswe.

Ko chechi yaimboitei chaizvo munguva dzaVapotsora? MaKritisu aiite izvo Kritisu araira kuti vaite. Vaiparidza evhangeri. Bhuku raMabasa aVapotsori rinotipa mienzaniso yekuparidzwa kwaiitwa evhangeri. Muzvose zvatataura apa, muparidzi aripo kudzidzisa kuda kwaMwari. Verenga Mabasa 2,8,9 zvakare 16. Asi ndiyani aiparidza nekudzidzisa evhangeri? Mushure mekunge maKritisu oshungurudzwa zvikuru, muJerusarema, shoko rinoti, “ Zvino avo vakaparadzirwa, vakapotenyika vachiparidza shoko” (Mabasa 8:4).

Zvimwe ungada kuziva kuti vakaenda vachiparidzei? Kurudziro yangu ndeyekei uverenge bhuku raMabasa ugozvinzwira zvose. Asi muchidimbu vanhu ava vaiparidza kuti Kritisu ndiMwari, munhu angaitesei kuti aponeswe, kukosha kwechechi, zvakafanira pakunamata Mwari, chakakoshera kuenda kuchechi pamwe nekuva muKritisu, nezvimwevo zvakavanda. Pauro anoti “ Nokuti shoko remuchinjikwa hupenzi kuna vanoparadzwa; asi kwatiri, isu vanoponeswa, isimba raMwari” (1 VaKorinte 1:18). Mwari unoraira kuti shoko ravo riparidzwe, Pauro unopamidzazve achiti, kutenda kunouya nekunzwa shoko raMwari (vaRoma 10:17). Zvakare Kritisu mbune anoti “Muchaziva zvokwadi, nezvokwadi ichakusunungurai” (Johane

8:32). Zvakare, “Zvino vachagodana seyi, kunaiye wavasina-kutenda kwaari? Vachatendaseiko kunaiye wavasina-kunzwa? Vachanzwa Seiko kana kusina muparidzi?” (vaRoma 10:14). Zvose izvi zvichitaridza kuti munhu akarasika (vaRoma 3:23, 6:23), saka rudo rwaMwari rinofanirwa kuparidzwa, (vaRoma 5:8), kutaridza kuti munhu anemuponesi (johane 3:16), uye kuti nokuda kwekutenda kunaMwari munhu anokwanisa kuponeswa pazvivi zvake (vaRoma 1:16, 17; Marko 16:15,16). Avo vasina hanya nekuda kwaMwari kana kusatenda shoko vanorasika (2 vaTesaronika 1:7-9). Shoko raMwari ngariparidzwe.

2. **Kubatsira varombo.** Tine mienzaniso mushoko raMwari inotiratidza kuti chechi yaibatsira vanhu pavainge vakavana napo kana kuti kuropafadzwa napo naIshe, uye vaibatsira sebasa ravo. Muna Mabasa 2:45, inoti “Vakatengesa pfuma yavo nenhumbi vakagovana navose mumwe nemumwe paakashaiya napo”. Izvi zvaiitwa nemoyo unoda. Asi tikaverenga Mabasa 6, tinoona kusavirina kwakava pakati vaHeberu nevaGrerisi, nokuda kwekuti shirikadzi dzechiGirisi dzaive dzokanganika mباسا raMwari rekubatsira shirikadzi . zvakadaro Vapotsora vakadana vadzidzi pamwechete, ndokusarudza pakati pavo varume vasere vaizobata basa iri rekutenda.

Tinoverenga apo Pauro anoenda kuJerusarema kunobatsira vaishaiva ikoko. Anoti “Nokuti vemakedinia neveakaya vakati zvakanaka kti vagovane navarombo pavatsvene vari paJerusarema”. Anonyorera zvakare hama dzaiva paKorinte “ Zvino kana zviri zvipo zvakangandzirwa vatsvene, sezvandakaraira kereke dzeGalatia itai nemivo saizvozvo. Nomusi wokutanga wevhiki mumwe nomumwe venyu ngaakamure zvinhu kumbakwake, uunganidze paakavana napo, kuti zvipo zvirege kunganidza kana ndichiswika” (1 VaKorinte 16:1,2).

Ndiyani anofanirwa kubatsirwa? Vanoshaiva, muchechi kutanga. Zvakaita sevarombo, vanhu vakwegura, chirikadzi, panoda rubatsiro rwechimbi chimbi, uye nherera dzemuchechi. Tinoverenga “Zvino zvatine nguva, ngatiitirei vose zvakanaka, zvikuru kuneveimba yokutenda” (vaGaratia 6:10). Kwete munhu vese akafanirwa kubatsirwa. Muna 1 Timotio 5, tinonzwa kuti munhu anobatsirwa kana asingakwanise kuzvibatsira, kana kuti asina hama dzinogona kumubatsira, uye anofanira ari munhu akatendeka muchechi yaKritsu. Saka mari YaIshe inofanira kushandiswa muhurongwa hwaMwari muhungwaru, kwete kumunhuvo zvake angokumbira rubatsiro.

Kwete kuti hama mukutenda ndovoga vanekodzera dzekubatsirwa asi kuti munhu vese akakodzera kubatsirwa anofanira kubatsirwa, zvichienderana nedambudziko uye kuti chechi inokwanisawo here? Verega Jakobho 1:27 uye Jakobho 2. Iyi ndonzira ye Kuparidza ivhangeri kuvanhu.

Zvino ndokupi kunobva mari yekushandisa papasa iri? Inobva kuvatendi vachipa sepavanovanapano (1 vaKorinte 16:1,2; 2 vaKorinte 9:6,7). Zvichireva kuti vaten-

di vakakundikana kupa, kereke haikwanise kuva nezvikwanisiro kubatsira avo vanoda rubatsiro.

3. **Kusimbisa kereke.** Kusimbisa zvinoreva kuvaka, kusimbisa, kukurudzira, kubatsira hama dzemekereke kukura paMweya. Ndezvipi zvimwe zvezvinhu zvino-simbisa? Shoko raMwari, kufambirana, kubatana mukunamata, kubatsirana, kuita mabasa akanaka,rudo, nezvimwe zvakatvaendei zvinosimudzira mukutenda. Verenga Mabasa 9:31; vaRoma 14:19; 1 vaKorinte 8:1; 1 Tesaronika 5:11; 1 vaKorinte 14:26; 2 vaKorinte 12:19 uye vaEfeso 4:12.

Mukupedzisira, vanhu vazhinji vanonetseka kuti sei kereke ichiita zvinhu izvi pasina hutungamiri hwepasi rose, pasina munhu anomira semukuru vekereke , uye pasinganzwi vanhu vabvise mari dzinoisa kumukuru vekereke dzinonzii dzakakosha. Asi nzira yaMwari ndiyo nzira yakakosha, inova nzira imwe chete, uye imwechete mukuita basa rake. Mwari ndiye akafanirwa kurumbidzwa, kukudzwa, uye kupihwa mbiri apo patinenge tichiita kuda kwake, apo patinenge tichizadzisa chinangwa che-du chekuva panyika. Kritisu ndiye mukuru vekereke uye kereke imwe imwe, zvakare vatendi vayo, vanofanira kuita basa ravo. Kereke ,inofanirwa kuita basa rayo kubudikidza nevatendi ichibatsiridza nezvivanikwa zvavanoropadzwa nazvo kuti basa raIshe rifambe.

Kuparidza, kubatsira avo vanoda rubatsiro, kusimbisa vatendi vesangano, zvese zvichiitwa nenzira yekuponesa vanhu, kusvika kumagumo, mwari achirumbidzwa munezvese. Kereke haina nechekuita nezvevematongerero enyika, mabusimusi, vanoda kuchinja kereke kuita zvisingadiwe nemuridzi anova Kritisu. Kereke yaMwari iboka raMwari ririmunyika Asi risiri renyika ino, basa rayo kutsvaka kushandira nekuita zvido zvaMwari, mukuponesa vakarasika, kuti vave vakarurama nekutendeseka, mukuponeswa kwemuviri yevatendi muna Kritisu Jesu, nekukudzwa kwaMwari. Ndiyo kereke yaMwari, basa rayo uye chinangwa chayo.

Mibvunzo

Ipa Minduro Yakakodzera.

1. Chechi yaMwari haisi mubhisimusiripi?
2. Zvinoita here kuti sangano ripinde mubisimusi reprofit?.....
3. Nderipi basa rekereke?
4. Ndezvipi zvakataurwa na Mwari kuti tiite muna Mateo 28:19,20 uye Makro 16:16?
5. Taura, Ndezvipi zvakaita nevatendi vakare apo vainga vakapararira nenyika

-
6. Ndezvipi zvimwe zvezvinhu zvavaiparidza?
 7. Kutenda kunouya sei?
 8. Ndezvipi zvinotiponesa?
 9. Munhu anoponeswa saei?
 10. Ndeupi anorasika?
 11. Chechi inotarisa here avo vanoda rubatsiro?.....
 12. Ndiyani aibvisa zvaidiva kubatsira waitambura muJerusarema?
 13. Vese vaibatsira here?
 14. Nderipi boka ravanhu raitanga kubatsirwa?
 15. Ipa zvaitarisirwa kupihwa.....
 16. Avo vaisatenda vaibatsirwa here futi?.....
 17. Ko Mwari nezvikwanisiro zvaibatsiro zvaiba kupi?
 18. Zvekubatsira nazvo zvaibva kupi zvaipatsira vanoda rubatsiro?
 19. Rondedzera izwi Kusimbisa
 20. Ndezvipi zvimwe zvezvinhu zvinosimbisa?
 21. Mwari anokudzwa sei, uye kupihwa mbiri?
 22. Ndiani mukuru vekereke?
 23. Chinangwa chebasa rekereke ndecheyi?
 24. Ikereke yenyika here?
 25. Matongerero enyika, bhisimusi mukereke, nezvimwevo kusanganisira zvimwari zvenyika zvakakosha here?

Chidzidzo 10

Kubatana Kwekereke

Chinamoto chemazuvano, chinoratidza kuti chakanyanya kusimbira nekubatana kwemachechi. Boka remubatanidzwa vemachechi rabata mafungiro nemaonero evanhu kwese kwese. Chinanga chiri chekuda kurwisa kusavirirana pakati pemaKritsu pasi pese, ndizvo zvinova dambudziko rikuru. Zvikaramba zvakadaro kuvirirana hakumbofa kwakavanikwa pakati pevanhu vanokakavara pakutenda kumwe. Kuka-kavara nekusanzwana kunoramba kuriko, kusvikira paubwa boka rinoenzanisa. Saka tingatii? Mindiro tinongoiona mubhaibhere shoko raMwari. Kuti pave nekuvirirana kwechokwadi, vanhu vanofanira kusiya Dzidziso dzavo (dzavanhu), kutenda kuvanhu, mazita avanhu, machechi avanhu, mabhuku evanhu, uye nezvizhinji zvinofungwa nekugadzwa navanhu, vitora bhaibheri, voverenga kuti udzidze pariri, vova nekutenda kwariri, nokutedzera zvarinoreva. Zvikadaro panova nekubatana kwezvokadi, uku vanzwisise Ishe vedu Jesu Kritsu unotaura kuna Johani 17. Tikadzidza, kana kutenda izvi tose tinova nekutenda kumwe, kudzidza zvinhu zvimwe, tose topfeka zita rezvokadi rinotaurwa mubhaibheri, tese toshanda pamwe, todzidzisa chinhu chimwe, uye tose toenda kudenga. Zvirinyore kuti tose tibatane kana vanhu vasiya kutevera vanhu, votevera Kritsu Jesu.

Shoko raMwari rinovenga kupesana. Bhaibheri robvarati rinovenga avo vanokonzeresa kusavirirana pakati pehama (Zvirevo 6:19). Muna 1 vaKorinte 1 tinotaurirwa pamusoro pekereke iri paKorinte ichisvika pakupatsanurana. Pakarepo tinoona muApotsora Pauro achitora matano nekuchimbidza kuparadza mudzi vainge vakonzeresa kupesana pakati pehama. Anotanga kutaura achiiti “Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, nezita raShe wedu, Jesu Kritsu, kuti imi muse mutaure chinhu chimwe, kuti pakatipenyu kurege kuva nekupesana; asi kuti musonganiswe zvakana pamurangariro mumwe nekufunga kumwe” (1 vaKorinte 1:10). Anozonderera mberi achibvunza mibvunzo mitatu. Mumwe noumwe uine mifananidzo. Mibvunzo yacho ndeyi: Kritsu akapatsanurwa here? Pauro akaroverwa nokuda kwako here? Makabhabhatidzwa muzita raPauro here? pamibvunzo yese iyi vaifanira kupa minduro. Nokudaro zvakavaratidza kusakosha kwekusakakavara pamusoro pezvinhu zvisina maturo.

Pauro mumwe chete iyeye anyoyora kuhama dzaiva muRoma, “Zvino ndinokumbira zvikuru kwamuri, hama dzangu, kuti mucherechedze avo vanopesanisa, navanogumbusa, vachiita zvinopesana nedzidziso yamakadzidza imi, muvanzvenge. Nokuti vakadaro havabatiri Ishe vedu Jesu Kritsu, asi dumbu ravo; vanonyengera mumoyo yavasina- zvakaipe namashoko avo akanaka, anobata kumeso” (vaRoma

16:17,18). Muna vaKorose 2:20-22, anoti, “Zvino kana makafa pamwechete naKritsu kune zvekuvamba zvenyika, munozviisireiko pasi pemirairo, somugere munyika, mirairo inoti; usaba, usaraira, usagunzwa. Izvi zvose zvinofanirwa kuparadzwa kana vobatwa nazvo. Muchitevera murairo nedzidziso dzavanhu?”

Zvose izvi zvinongoreva kuti dzidziso dzavanhu, uye mitemo yavanhu, kukudza munhu, kubvuma nekutevedzera mabhuku asiri bhaibheri, ndizvo zvimwe zvezvinhu zvinokonzera kupesana. Nokumwe kutaura kubatana kwemaKritsu kunovapo kana munhu adzidza kutevera Kritsu chete. Rangarira kuti ndiKritsu akanamata “Handinyengetere Ava bedzi, asi naivo vanotendavo kwandiri neshoko ravo, kuti vose vave vamwe, semi baba muri mandiri, neni mamuri, kuti naivo vave matiri, kuti nyika itende kuti makandituma” (Johane 17:20-21). Saka tingati kritsu akanamatira zvisingaitike here? Kwete. Saka kana zvakadaro panofanirwa nokuva nokubatana. Rinhi? Kana tichinge tatevera Kritsu. Dzidziso dzavanhu dzinotipesanisa asi dzaKritsu dzinotiita vamwe.

Kuna vaEfeso 4:1-6 tine maumbiro atingaita kubatana, terera unzwe: “Naizvozvo, ini musungwa munaShe, ndinokukumbirai zvikuru mufambe zvakafanira kudanwa kwamakadanwa nako, nokuzvininipisa kwose nehunoro, nomoyo murefu, muchiitirana moyo murefu norudo; muchishingaira kuchengeta humwe veMweya muchisungo chorugare. Kuno muviri mumwe, noMweya mumwe, sezvamakadanwavo mutariro imwe yokudanwavo kwenyu; Ishe mumwe, nokutenda kumwe, norubhabhatidzo rumwe, naMwari mumwe, nababa vavose uripamusoro vavose, unobata navose, urimukati mavose” . Ziva kuti ichi chikumbaro chekubatana. Vaona here kuti pane zvinhu zvakati vande zvataurwa, zvinotipa kubatana?

Kubatana kwekereke kunooneka apo Kritsu anoti uchavaka kereke yake (Mateo 16:18), zvichireva kuti imwe chete , inova muviri vake veMweya(1 vaKorinte 12:27) uye ndiye mukuru vayo (vaKorose 1:18). Zvakadaro munhu angape Kritsu moswa yekuva nemiviri miiri kana misoro miiri. Kereke zvakare inotaurwa kuti imba yaMwari kana mhuri yaMwari (1 Timotio 3:15). Asi dzimbori dzimba kana kuti mhuri ngani? Ndotenda kuti imwechete. Tinoverenga nezveushe haKritsu kana kuti hwaMwari, Kritsu ariye Ishe (Johane 3:3-5; vaKorose 4:11; 1 Timotio 6:15). Ungava ushe hungani Ishe hwaainavo, uye madzishe mangani arimo?

Pachokwadi bhaibheri shoko raMwari harifanire kuunza kusavirirana pakati pedu kunyanya padzidziso dzepashoko rake, asi nerumwe rutivi rinotikurudzira kubatana, humwechete nekuvirirana. Hapana bhaibheri parinobudisa kereke izere nevanhu vanonamata asi vaine kutenda kwakasiyana, nedzidziso dzakasiyana, asi rinobudisa kereke iri yaKritsu, ichiumbwa nevakadanwa, vanotevera Kritsu, vachitenda mudzidziso dzaKritsu, vakaponeswa. Kritsu ndoumwe kunyangwe kereke yake

ndoimwe. Kupatsanurana, kana kupesana mukereke yaKritsu kurisana naKritsu.

Mibvunzo

Ipa Minduro Dzakafanira.

1. Pane here kusavirirana nhasi maringe nekubatana kwechechi?.....
2. Chii chinombova chikonzero chekubatana?
3. Kubatana kungavapo here kuvatendi vanokakavara?
4. Ndeipi minduru yekubatana?
5. Ndezvipi zvingasiiwa nemaKritsu kuti pave nekubatana?
6. Ndiyani akanamata kuti tive nehumwechete?.....
7. Ndezvipi zvingava zvibereko zvekubatana?.....
8. Shoko raMwari rinovenga kusabatana here?.....
9. Ndevapi vanhu vakavengwa naMwari?
10. Nyora 1 vaKorinte 1:10.
11. Ipa mibvunzo mitatu yakabvunzwa naPauro pakorinte?.....
12. Ndeapi mapoka avanhu akataura kuti achenjererwe?.....
13. Ndiyani vavanonamata?.....
14. Tinofanira kuvachenjerera here?.....
15. Ndeupi anonamata Mwari, mukutadza?.....
16. Ndezvipi zvakanamatirwa naKritsu mbune?.....
17. Akanamatira zvisingaiiti here?.....
18. Taura zvinoumba kusapesana?.....
19. Zvingani pamwechete?.....
20. Kritsu akavaka makereke mangani?.....
21. Chii chinonzii kereke?
22. Ndiyani mukuru vekereke?
23. Kritsu angave nemuviri nemisoro mingani?
24. Imhuri ngani Ishe anadzo?
25. Shoko raMwari riripo pakutipesanisa here kana kuti kutibatanidza?.....

Chidzidzo 11

Dzidziso Dzekereke

Inzwi rekuti Dzidziso rinoreva zviotendwa kana kuti zvitenderano zvechinamato. Tinogona kutaura zvakare kuti rubvumo rekutenda kwechinamato, kana mafungiro or mabatiro anoita musangano. Kazhinji munhu akafunga nezvechitenderano, anofunga nazvechitenderano chevaApostora “apostolic creed” uye chevanesini “necene creed”. Uye hapana kana imwe chete inovanikwa mubhaibheri. Asi kazhiji kereke dzavanhu dzine zvitenderano zvakanyorwa mumabhuku avo, mitemo, rubvumo rwekutenda kwavo, nezvimwevo zvakangodaro. Zvese izvi zvinenge zvichivedzera pashoko raMwari.

Regai nditaure ndichiti, bhuku rimwe, nerimwe rine rinovedzera pamusoro pebhaibheri. Uye zvitenderano kana zvinyorwa renotapudza zviri mubhaibheri. Kana zvitenderano kana bhuku rinenge risingatsikiri bhaibheri kana kusataura zvebhaibheri harina mature nokuti tine bhaibheri rakafuridzirwa kare neMweya Mutsvene. Zvakazarurwa 22:18;19 navaGalatia 1:6-9 rinobuditsa pachena kuti hatifanirwe kuvedzera shoko raMwari kana kutapudza mariri, uye kuribvisa. Nekumwe kutaura , shoko raMwari rakakwana (2 Timotio 3:16;17), rakarurama (Jakobo 1:25), tinofanira kutaura sezvinotaura Mwari (1 Petro 4:11). Nokudaro hapana kodzero yekuvedzera mubhuku iri kana kuva nerimwezve bhuku kunze kwebhaibheri ringa tendwa mariri.

Kunamata munyika kwane kupesana nekusavirirana nhasi kwete nekuti vanhu vakuziva shoko raMwari kwete, asi kuti vanhu varikutenda kudzidziso nezvitenderano zvavanhu kwete zvaMwari. Unonzwa vachiti kereke ngaive nemutemo vayo uno-fadza vatendi vayo. Izvozvi zvega zvinotibudisira pachena kuti vanamati vasiya bhaibheri kutevera dzidziso dzavanhu. Zvinoshamisa! Chikumbiro changu ndechekuti vanhu vadzokere kubhaibheri rinova shoko raMwari mupenyu anogara nekusingaperi, vasiye dzidziso dzavanhu. Bhaibheri riripo kwete kutipesanisa, asi kutibatanidza semaKritsu munaIshe vedu Kritsu Jesu.

Ndezvipi zvinotendwa nekereke yaKritsu? Tine muponesi anova Kritsu uye hatina rimwe bhuku ratinotenda kunze kwebhaibheri. Kufunga kwedu, nezvatinorangana hazvina maturo. Hatina rimwe bhuku rinodudzira bhaibheri kunze kwebhaibheri racho. Tinotenda mudzidziso dzebhaibheri, zvakare tinoratidzavamwe kwariri. Chikumbiro chedu ndechekuti dai tose takwanisa kuriverenga nekudzidza mariri. (Johane 5:39; 2 Timotio 2:15), zvakare tinokumbira vanhu vose kuti vaite sezvarinoreva.

Hatina rimwe bhuku kana chinyorwa chatinotevedzera. Hatitende kuti kune munhu akararama kana arikurarama anganyore bhuku remitemo ringaenderana nebhaibheri. Hatitende kuti Mwari ungapa munhu bvumo yekuti anyore rimezve bhuku.

Hatitende kuti Mwera mutsvene ungapa munhu kuti anyorezve rimwe bhaibheri.

Ishoko raMwari, uye ishoko raMwari bedzi rinobva kunaMwari, rinova rakafuridzirwa naMwari, rinotiponesa. Zvakare, shoko raMwari ndiro ratichatongwa naro pamazuva ekupedzisira (Johane 12:48). Haungaziva chokwadi kunze kwekuti vaenda kutsime rechokwadi. Nokudaro kutenda kuchokwadi unofanirwa vatanga vazwa chokwadi (vaRoma 10:17). Ndosaka vanhu vazhinji vari kunyengerwa mukunamata umu. Ndosaka kupesana nekesanzwisisa kukuvanda mukunamata. Vanhu vakuenda kuvanhu kunotsvaga rubatsiro vachisiya mwari. Vanhu vakutenda dzidziso dzavanhu vachisiya zvinyorwa zvemubhaibheri. Asi chokwadi ndechekuti munhu anofanirwa kudzokera kubhaibheri kana achida ruponeso.

Tinokurudzira kuti tidzokere kubhaibheri kunodzidza nekunzisisa chokwadi pamusoro pekereke. Kereke zhinji dzenema dzavanda munyika. Ndeipi yechokwadi? Munhu angaenda kundoita tsvakiridzo yechechi imwe neimwe here? Kwete, muno anoenda kubhaibheri rinotaura chokwadi pamusoro pekereke. Paanoziva chokwadi pamusoro pekereke yaKritsu, haazomboita dambudziko rekuziva kereke inotedzera Dzidziso dzemubhaibheri.

Tinokurudzira kuti munhu adzokere kubhaibheri adzidze chokwadi kuti munhu angaita sei kuti aponeswe. Kunenzira zhinji dzekuponeswa nadzo, ndomatauriro edzidziso dzavanhu, asi munhu akaenda kubhuku raMwari, unoona kuti rinobudisa pachena kuti munhu anofanira kutanga anzwa chokwadi, votenda machiri, wotendeuka muzvivi, wopupura Kritsu, vobva vabhabatinzva kuti ukanganirwe zvivi (Marko 16:15,16; Mabasa 2:38). Zvakasiyana papi nezvinotaura navanhu? Mwari ndiye anoponesa, saka munhu anofanirwa kunzwa Mwari nekutenda kwaari kuti aponeswe.

Tinofanira kukurudzirana kudzokera kubhaibheri, kuti dzidzidze kuti tinonamata sei Mwari. Musanyeperwa navanhu, hakuna nzira zhinji dzekunamata nadzo. Bhaibheri rinotaura pachena kuti kune nzira imwe chete, uye Mwari vanonyatso kutaura mushoko rake (Johani 4:24).

Kwete apa chete, asi pose panotaurwa zveruponeso, nehupenyu, nehuMwari, tinokurudzirana kuti tiende kubhaibheri kunova kune chokwadi chizere. Zvakare vano vanofanira kusiya kamufungiro kavo kekuti bhaibheri harinzwisisiki. Ndezvekunyepa, satani hake chaanoda ndechekuti munhu asiye bhaibheri, kuti arasike mukutenda. Asi kuti uponeswe, tizira kunaMwari, kutenda, kuti ndiye achave Ishe namuponesi vako murwendo rechiKritsu. Zvakadaro unoponeswa, nokuti unenge vatenda chokwadi.

Ndezvipi zvatinotenda? Totenda Jesu Kritsu neshoko rake. Pasina iye hakuna mumwe. Tinotenda kuti Kritsu mwakomana vaMwari uye kuti shoko rake izvokwadi. Zvakare tinotenda mariri nekutevera mariri bedzi. Ndokurudzira kuti tose tidaro.

Kutenda kuvanhu kunongotiisa mukutonga kwemoto hwegehena usingapere. Jesu anoti “Ndini nzira, nezvokkadi, nevupenyu; Habana unouya kunababa, asi nokawandiri” (Johane 14:6).

Mibvunzo

Ipa Minduro.

1. Tsanangura inzwi rokuti dzidziso?.....
2. Ndezvipi zvekuti tikatarisa makereke ese avanhu tinozvivana?.....
3. Ndezvipi zvinoitika kumunhu anenge avedzera kana kutapudza shoko raMwari?
.....
4. Shoko raMwari rakakwana here?
5. Chii chinonzi kururama?.....
6. Tofanira kutaura sei maringe neshoko raMwari?
7. Pane kodzero here yekuvedzera zviri mubhaibheri?.....
8. Sei masangano ari kupesana mazuvano?
9. Shoko raMwari rinotipesanisa here?
10. Ndedzipi dzidzise dzesangano raKritsu?
11. Zvatinofunga kana maonero edu anobatsira here?.....
12. Tine bvumo here yekupa dudziro yatinoda here ?.....
13. Pangaita munhu anorarama nhasi anganyora bhuku rinodarika bhaibheri here?
.....
14. Ko Mwari angapa bvumo here kumunhu kuti anyore bhuku, raanobva ati ra-
kaenderana kana kuva pamusoro pebhaibheri?.....
15. Ndekupi kunobva shoko raMwari?
16. Chii chichatitonga mumazuva ekupedzisira?.....
17. Chii chinonzi chokwadi?.....
18. Ndokupi kunobva rubatsiro rwako?.....
19. Nderipi bhuku ratingaverenga kudzidza, zvokwadi yekereke?.....
20. Kune nzira zhinji here dzekuponeswa nadzo?.....
21. Ndezvipi zvinodzidziswa nebhaibheri kuti munhu aite kuti aponeswe?.....
22. Mwari akabudisa pachena here mushoko rake zvaanoda kuti tiite mukumunama-
ta?.....
23. Bhaibheri rinonzwisika here?.....
24. Tese tingazwisisa bhaibheri zvakafanana here?.....
25. Ndiyani mumwe chete uye nzira yekuenda nayo kudenga?.....

Chidzidzo 12

Nhorondo Yekereke

Mubhuku raMabasa 2, tinoona pachitaurwa matangiwo akaita kereke, kana kuuya kwakaita Ushe hwaMwari. VaApotsora vaiva muJerusarema panguva iyoyo, Mweya Mutsvene vakadururwa pamisoro yavo, marudzi ose aivepo akaungana paungano iyi, sezvo yanga iri nguva yepasika. Petro nevamwe vaApostora vanoparidza, vachieuchidza unguno kuti izvi zvaizadzisa zvange zvakaporofitwa namuporofita Joeri, Kritisu akafa, uye mazuva ekupedzisira asvika. Kutendeuka nekuregererwa kwezvivi zvikaparidzwa. Vanhu vangasvika zvuru zvitatu vakabaikana neshoko vakatendeuka, ndokubhabhatidzwa, Mwari akavavedzera mukereke yake. Kubva kuJerusarema shoko rakafamba kusvika Judea, Samaria, nepasirese kusavikira vanhu vose varipanyika vanzwa shoko (Mabasa 1:8, Mateo 28:19,20; Marko 16: 15:16; vaKorose 1:23).

Kereke yakakura panguva dzavaApotsora, ikasvika munyika dzakati vandeyi, mushure mekunge Pauro apedza kutaura Pauro akaronga dzendo tatu dzekuparidza ivhangeri kwete kuvaJudha chete asi nekuva Giriki also. Pakava nevanhu vazhinji vakatendeuka, masanganano aKritisu akasimwa muAsia nemuErope. Asi izvi zvaisava nyore nekuti paiva nekushungurudzwa kukuru kwaitwa maKritisu panguva iyoyo. Pakutanga kereke yakatanga kutambudzwa muJerusarema. Nokuda kwavatedzeri vaKritisu vainge vazara munyika dzose dzose vachiparidza evhangeri yaKritisu (Mabasa 8:1-4). Mukufamba kwenguva vaRoma vakatanga kupa mhosa maKritisu nekuda kwematambudziko ose avaisanganavo, ndokutanga kuvapa mitongo nyakaomarara munzvimbo dzavo dzaiwa muRoma nenzvimbo dzose dzaiva pasi peRoma. Pauro anosungwa okandwa muturongo. Vamwe vanoti vamwe vapotsora vose vanouraiva nokuda kwaKritisu kunze kwaJohani. Zviuru nezviuro zvamazana nekuraudzira zvamaKritisu zvakarasikirwa nehupenyu.

Kunze kwekushungurudzwa nekuurava, chechi yakaramba ichikura muuvandu muzvimbo zhinji. Hakusi kushungurudzwa nekuurava kwakakanganisa kereke, asi nezvimwe zvezvinhu Zvaitika muchechi. Pauro anotaura nezve zuva raizosvika. Nokumwe kutaura aiti, zuva richavapo apo vatendi vachatsauka. Asi ngatitarise zvaanotaura: “Zvino tinokumbira kwamuri hama dzungu, pamusoro pokuuya kwaShe wedu Jesu Kritisu nekuungana kwedu kwaari. Kutu murege kukurumbidza kuzununguswa, kana nomweya, kana neshoko, kana nomwadi inonzi inobva kwatir ichiti zuva ra Kritisu ratosvika.....” (2 vaTesaronika 2:1-12).

Mukutaura nevakuru pakereke yepaEfeso, Pauro anoti: “Zvichenjererei imi, neboka rose ramakaitirwa vatarirei varo nomweya mutsene, kuti mufudze kereke yaMwari, yaakatenga neropa rake. In ndinoziva kuti kana ndichinge ndenda mapere

anoparadza achapinda pakati penyu, asingarege boka. Vuye napakati penyu pamene pachamuka varume, vachataura zvinopesanisa kuti vatsaure vadzidzisi vavatevere.” (Mabasa 20:28-31)

Pauro anoyambira, kuti kuchava navamwe pakati pekereke vachasimuka vachisa vazhinji mukereke mukurasika. Tikatsvaga nhorondo inotitaridza kuti kuti kut-sauka kwakatanga kukonzereswa nekurwiswa kakaita maKritsu nehurumende uye tumapoka mukereke. Hurongwa hwaMwari hwaiva hwekuti kereke yega yega ive yakazvimirira isiri pasi peimwe kereke, asi iine vatariri nevabati. Zvakadaro nekufamba kwenguva, masangano mazhinji akachinja hurongwa hwaMwari, vakatanga kupanana zvinzvimbo zvekuva vatariri nemabishopi anotungamira mamwe makereke. Nekuona mafambisiro ebase., izvi hazvina kungoitika zuva rimwechete asi kuti, asi mushure memakore akati vande. Nokudaro mugore ra606 A.D Bishopi vekutanga akaitwa mukuru vamakereke, kana kuti Pope vevaApotsora vose nechechi yacho, sezvirikuitwa necatholic chuchi muzuva ranhasi. Ko chii chakaitika kuchechechi yaKritsu? Vashoma vaiva vakatendeka vakaramba vari muchechi yaKritsu, vamwe vakabuda, asi Mwari akavimbisa kuti kereke yake yaizorarama nekusingaperi dzamara achidzoka. Uye ndizvo zvazvicharamba zviri.

Nekufamba kwaiita chitendero chenyika, catholic chechi yakaramba ichikura. Zvakaramba zvakadaro ichatungamira nyika, zvekuti makore zana anotevera ayo, achava makore ekuchema kwemakritsu. Izvi zvakaitika nokuti catholic yainge yarambidza kuti bhaibheri reverengwe nemunhuvo zvake. Vachiti vapirisita ndivo vega vaitenderwa kuverenga, nekunzwisisa bhaibheri chete, nekuridudzira kuvanhu kuti ririkurevei. Izvi zvaitirwa kuti vave nemukana vekuudza vanhu zvavanoda kuti vanhu vazive chete nekuita.

Panguva idzi kunyangwe, macatholic chechi acho akatopatsanurana, mumaboka maviri. Muboka rechiRoma nerechiGiriki, nepamusoro pekudirana mvura mukubhabhatidzana, pamwe nekurudza ngoma nehocho. Boka reRoma catholic mukufamba kwenguva rakazovedzera, dzimwe dzidziso mukunamata kwavo dzisiri mubhaibheri. Nekufamba kwechinguva, dzidziso dzecatholic dzakatanga kushaya hunhu uye kuva nehuori mukati madzo, zvakasvitsa murume ainzi Martin Luather kubuda chechi yeRoma achitanga church yake ari mupirisita.

(Akabuda chechi chinangwa chake chaiva chekuda kudzidzisa zvaiona sezvakanaka zvainge zvavakusatedzera necatholic. Kubuda kwake kwakasakisa kuvambwa kweboka rainzi ‘Reformation Movement’ kana kuti ‘Protestanism’. Izva zvakabatsira kuti nyika zhinji dzakavhurwa meso kuti dzidzokera mushoko.)

Zvakadaro, akasiya kereke, kunodzidzisa, nekuita izvo aifunga kuti ndizvo zvai-faniwrwa kutedzerwa. Nokuda kwaizvozvo pakabva pauya bato ‘reRefomation move-

ment'. Uye nekuda kweizvi kwakazouya bato 'reModen denominalism'. Rudzidziso rwaLuther rwakakodzera kuti vazhinji vadzokere mubhaibheri kunotsvaga chokwadi, kunyangwe zvakadaro Havana kusvika chaipo panorehwa neshoko.

Pakazoita rimwe bato mugore ra1700 -1800, kwaiva neboka ravanhu raiva muEurope neAmerica vainge vaneta nekurwisana nekusavirirana kwemachechi. Nokudaro vakatanga kusiya dzidziso dzenhema vachidzokera mubhaibheri. Chingangwa chavo chainge chisiri chekutanga chechi itsva kwete, asi kudzokere kukereke yemubhaibheri. Vakaita saizvozvo, kubva panguva iyoyo vazhinji vakadzokera mubhaibhaiberi vachidzokera kuzvidzidzo zvechechi yeTetsamente Itsva vachisiya Dzidziso dzavanhu, vakava vana vesangano raKritsu, bhaibheri ririro bedzi mutungamiri. Makritsu akaenda pasi rose munyika dzose kuparidza chokwadi, vakazoono chechi nehutsvene hwayo, pamwe nokuziva kuti yairarama mune dzimwe nzvimbo dzaiva muAfrika, India, Russia, Poland nedzimwe zvimbo dzainge dzakapoteredza. Nazvino Kerekeirikurarama nhasi, zvakare icharamba ichirarama kusvika Ishe achidzoka. Zbakakosha kuti tiongorore kubva kwayakatangira kuti tinzwisise kuti ndiyo kerekeimwechete yemubhaibheri. Hurongwa hwekereke huri mubhaibheri, uye tikautevedzera tinova chechi yaIshe. Mbeu ishoko raMwari (Ruka 8:11) uye rinoratidza zvinhuzvimwechete nhasi zvakafanana nezvaitairwa ngunyangwe munguva yavapositora - makritsu nevatendi vekereke yaKritsu. Sezvatinoziva kuti hushe hwaMwari unogara nokusingaperi. Zvpreva ozvo kuti hwairarama urikumwe, zuva rahworisati rasvika, uye ucharamba uchirarama nokusingaperi, pasina munhu kana muvengi unesimba rekuuparadza. Ushe uhwu ndehwaMwari, uye kerekeyake iri mukundi kubva pakutanga kusvikira pakupedzisira, zvakare unogara nokusingapere naIshe.

Mibvunzo

Ipa Mhinduro Yakakwana.

1. Ndepapi mubhaibheri patinovana kuvambwa kwechurch yaKritsu?
2. Muguta ripi mayakatangira?.....
3. Vangani vakavedzerwa muchechi panguva iyi?.....
4. Ndokupi kwakazomboparidzirwa evhangeri?.....
5. Idzendo ngani Pauro akafamba?.....
6. Pauro akaparidza kumaJewish chete here?.....
7. Ndedzipi zvimbo ngani dzakava nemakereke nekuda kwebasa raPauro?
-
8. Ndezvipi zvakaita nevateveri vaJesu apo vaive vakazara pasi rose?.....
9. Ndiyani aitambudza kereke yaMwari?.....

10. Vaapotsora vangani vakauraiwa nokuda kwekutenda kwavo?.....
11. Chechi yaikura here pasina kutambudzwa kwemaKritsu?.....
12. Ndezvipi zvaiyambirwa naPauro kuti zvichavepo munguva dzekupedzera?.....
13. Kutambudzwa kwechechi kwakatanga riini?.....
14. Chii chakaitika mugore ra606 AD?.....
15. Chii chakaitika kukereke yaKritsu?.....
16. Sei makore zana akadarika akanzi ‘dark ages’?.....
17. Taura maboka maviri akapatsanurana muCatholic?.....
18. Ipa zita remurume akafunga kugadzirisa manamatirwo aita muRoman Catholic?.....
19. Sei akazama kuigadzirisa?.....
20. Ndezvipi zvakazoitika mushure mechitiko chekugadzirisa ichi?.....
21. Vakabudirira here kudzokera mudzidziso dzemubhaibheri ?.....
22. Chii chakaitika mugore ra 1700 –1800?.....
23. Vanhu ava vakatanga kereke dzinotevedzera bhaibheri zvichienderana neshoko here?.....
24. Chechi imwe chete iyi ndiyo here yakavanikwahere mune dzimwe nzvimbo dzenyika?
25. Chechi yaKritsu ikurarama here nhasi?.....

Chidzidzo 13

Kereke Yanhasi

Chechi yaKritsu yakatangwa makore zana nemazana akadarika (Mabasa 2). Asi ichiri kurarama here nhasi sezvinoreva shoko? Yakafanana here neyekutanga yakatanga na kritsu, tinofanira kuitsvaga gore negore tichidzokera kusvika pazuva repentacotsa. Pakutanga tinonzwa Kritsu mbune achiiti chechi yake haizoparadzwe, asi inogara nokusingaperi (Daneri 2:44; Ruka 1:13; Vaheberu 12:28). Zvichireva kuti chechi yairarama kunedzimwe zvimbo kusvikira nazvino. Yaisafanira kurarama kwese kwese kuti chive chokwadi. Ruka 8:11 yakachengetwa mushoko remuT-testament. Mwari akapa vanhu vake nzira yekutevera. Akapa Noah nzira yekutevera paakavaka areka (Genesis 6). Akapa Mosisi nzira yukuvaka nayo Tebanekeri, nech-enjedzo, “Tarira kutivagadzira zvinhu zvose sezvavaratidzwa mugomo” (Vaheberu 8:5). Naizvozvo muchechi yemuTetsamente Itsva tinotevedzera manamatiro ekereke yaKritsu. Sezvaitarisirwa Noah naMosisi kuti vatevedzere zvavainge varairwa, saka nesu tofanirwa kutedzera zvinodiwa nesangano raKritsu. Uye sezvo Noah naMosisie vakatevedzera zvaida Mwari pakuvakwa kweAreka neTebanekeri, Mwari akafadzwa nezvavakaita, saka tikarevera nzira dzinodikanwa mukereke, Mwari anofadzwa nazvo, kana tichizviita pasina kutapudza kana kuvedzera asi sezvaakatiudze kuti tiite (Zvakazarurwa 22:18-19).

Zvose zvingadiwa kuziikanwa zvinoratidza kereke yaKritsu zvakabudisa pache-na muTetsamente Itsva. Mwari achiitaura kuti chechi chii, ndiani akaitanga, yakatangira kupi, riini, inodanwa kutii, zita revateveri vayo, ungaita sei kuti uve mumwe vevateveri vayo, manamatiro ainoita, uye basa rayo. Inotaura kuti muridzi ndiani, akaitenga nei, muponesi vayo ndiani. Inobudisa zvairi nebasa rayo. Kuiziva zvirinyore here, sekunyorovera kwakaita shoko raMwari. Saka zvaunofanira kuita kudzidza bhaibheri, kuti tikwanise kuziva chechi imwe chete yemubhaibheri. Kana tadzidza chokwadi pamusoro payo, uye tikatevedzera, pakarepo tinenge takukodzera kuva nengo yayo, uye ndiyo chechi imwe chete yakavakwa naKritsu. Zvibereko zvayo zvinozvarwa zvakafanana naye uye shoko raMwari rinozvara maKritsu nevatevedzeri vekereke yaMwari zuva ranhasi, sezvayanga yakaita kare.

Kereke yaMwari nhasi irikukura nekupararira nekuti irikutedzera bhaibheri shoko raMwari bedzi. Inoramba kupatsanurana ichikudza Kritsu ndiyo chechi imwe chete yaunoverenga nezvayo mubhaibheri. Haisi mubatanidzwa vemachechi. Haisi prostant, catholic, sectarian. Saka inonzii? Inongonzii chechi yaKritsu. Zvipachena izvi.

Chechi yaKritsu haina muridzi vepasi pano, kana hofisi yepanyika pano. Hainamate munhu. Haina zviboka zveutungamiri zvinotungamira nepfungwa dzavanhu.

Sangano rimwe nerimwe rakazvimirira, nehutungamiriri hwayo hwevatariri, vabati nevafudzi pasangano roga roga nevana vesangano. Vatendi vayo havapihwe zvigaro zvakakosha kudarika vamwe nekuti vose vakafanana pabasa raMwari nokuti hamuna maclegy nemalaity.

Chechi yaKritsu ine mandu dzayo uye nekudaro ine mandu kunyangwe nanhasi. Machechi avanhu anoipikisa nokuti havavarire kutedzera mabatiro anoda Mwari, uye iyo haitedzere mabatiro evanhu asi aMwari. Vanotoziva kuti ichechi inotevera Dzidziso dzebhaibheri chete kwete dzavanhu. Vanonyara kubatana nayo zvavo asi vanooviziva kuti ichechi yaMwari inorumbidza Mwari maringe neshoko rake, asi ivo vachitevera dzidziso dzavanhu asi vachiti kuti vanotevera Mwari. Asi kunamata kwa-vo vanonamata pasina.

Chechi yaKritsu yakakunda kubva kare. Manhu dzose dzepanyika pano uye mweya yenyika ino nasatani havangaikunde. Ingava idhuku pahuvandu hwayo, tichiendzanisa nedzevanhu asi vashoma ivavo vanoponeswa (Mateo 7:13,14). Kritsu ane kereke imwe uye achadzoka nerimwe ramazuva kucheche yake, (vaEfeso 5:27; Johane 14:1-6). Ndiye Ishe vekereke yake achauya nerimwe ramazuva kuzoidzikinura nekuiisa pamberi paMwari (1 vaKorinte 15:24) ane chehi yake imwe chete (Zvakazarurwa 21:9). Achauya nerimwe ramazuva kuzitora kereke yake inova mukadzi vake, iyo yakatakura zita rake. Saka dzimwe dzine mazita avanhu vachaitwa sei? Achavaramba pachena kuti haangambokuzivai. Achavaparadza nomoto unopisa (Mateo 15:13).

Chikumbiro chanhasi ndechekuti ngatidzokerei kucheche yaKritsu. Todzokera kushoko raMwari rova mutungamiri vako pazvidzidzo zvose. Ziva bhaibheri voziva kuti vaziva chokwadi. Ita zvarinotaura unobva vaponeswa nekuvedzerwa muchechi yaKritsu, iyo yaunoverenga nezvayo mubhaibheri.

Kana usiri Mwana vesangano yechechi yaKritsu ndinokukurudzira kuti uve mwana vesangano. Iva nekutenda kuna Mwari, ndendeuka muzvivi zvako, pupura kritsu kuti ndiyemwana komqana vamwari, vobopatidzwa muzita rake kuti uponeswe (Marko 16:16; vaRoma 10:10; Mabasa 2:38). Mwari anobva akuvedzera kucheche yake vovba mukritsu (Mabasa 2:47), Mabasa 11:26) unokwanisa here kuzviita. Hapana anokumanikidza asi kana vadzidza shoko raMwari (bhaibheri) ndinovimba kuti unoda kunzi muKritsu, uye kusorarama hupenyu hako hwose uchiraramira Kritsu nekuparidza hukuru hwake.

Mibvunzo

Ipa Mhinduro Yakakodzera.

1. Chechi yakatanga riini?
2. Chechi irikurarama here nhasi?
3. Pane here angakanisa kudzokere kumashure kutsvaga kuti chechi ndeyaKritsu?
4. Ishe akati Ushe uchagara kusvikira rini?
5. Chibereko cheUshe chii?.....
6. Chibereko chirikuberekei nhasi?
- 7.Chiii Mwari akapa Noah naMosesi?
8. Tinovana kupi nzira dzekunamata Mwari nadzo?
- 9.Ndezvipi zvinoratidza chechi yaMwari ,uye zvinovanikwa kupi?
10. Mwari anoti kudii pamusoro pechechi?
11. Tingaziva sei chechi yemubhaibheri?
12. Chechi yaKritsu ndeipi muzuva ranhasi?
13. Chechi iyi ndeye munhu here?.....
14. Ine hutungamiri hwepasi pano here, kana hofisi?
15. Ndedzipi mhandu dzechechi?.....
16. Zvombo zvayo ndezvipi?
17. Chechi irikukunda here kubva kumashure uku?.....
18. Ko Kritsu achadzoikerei?
19. Chinangwa chedu ndechei?
20. Ndezvipi munhu anofanirwa kuita kuti anzi muKritsu?.....

Ipa Minduro Hongu kana kwete.

1. Chechi iyo Kritsu akavaka inorarama here nhasi.
2. Kune chechi imwe chete.
3. Inozikanwa nezita raKritsu.
4. Munhu anofanirwa kuva nhengo yacho kuti aponeswe.
5. Kritsu achadzoka nerimwe ramazuva kuchechechi yake.